

Лъэужьым я нэхъ лъапIэр

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



Сыт и уасэ сабийхэм IэплIэ къызэрыпхуащI къудейр!

4-нэ нап.



Усыгъэм и дунейм щохъэщIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№55 (24.805) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 8, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



## ЕхъулIэныгъэ иIэну

**УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI къулыкъум ягъэувыну къагъэлъэгъуащ Фишман Андрей Михаил и къуэр.**

ДЗЭ зэгухьэныгъэм къулыкъущIэр ягъэцIыхуащ УФ-м СледствиемкIэ и комитетым кадрхэмкIэ и управленэм и унафэщI Малышкин Максим Александр и къуэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Фишман Андрей ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ иIэу къэралым, республикэм яхуэлэжьэну.

## Зэкъуэтыныгъэр ирагъэфIакIуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Урысейм и ЛIыхъужь, «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблее» урысейпсо къэрал цIыхубэ зэгухьэныгъэм и унафэщI нэхъыщхьэ Даркович Александр Василий и къуэмрэ «Евразиемрэ Африкэмрэ ис лъэпкъхэм я ассамблее» дунейпсо зэгухьэныгъэм и Совет нэхъыщхьэм и унафэщI, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ советым хэт Смирновэ Светланэ Константин и пхъумрэ.**

УФ-м и Президент Путин Владимир къызэрыхилъхьам тету, лъэпкъхэм я зэхуакум зэгурыIуэныгъэ илъын, къэралым щыпсэу цIыхухэр зэкъуэгъэувэн папщIэ, 2020 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ Урысейпсо къэрал цIыхубэ ассамблеер.

Зэгухьэныгъэм щIалэгъуалэм лэжьыгъэшхуэ ядрегъэкIуэкI, ахэр зэкъуигъэувэн, къэралыр тхыдэкIэ зытет урысейпсо лъапIэныгъэхэр, абы щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр яхъумэн хуэдэу.

Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблеем и лIыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэху хэтынущ ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум ирихьэлIэу ягъэхьэзыр «ТекIуэныгъэм и напэкIуэцI нэхухэр: литературэ щIэин» проектым хиубыдэ зэхыхьэхэм. КIуэкIуэ Казбек абы елэжьхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуну унафэ ищIащ. «Шэч къытесхьэркъым мыхьэнэшхуэ зиIэ а проектым и фIыгъэкIэ цIыхубэр нэхъ быдэу зэрызэрыубыдынум, лъэпкъхэр нэхъыфIу зэрызэхущытынум, я щэнхабзэмкIэ зэрызэхъуэжэнум», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

● Дыгъуасэ





## Къэралыгъуэр нэхъри зэригъэбыдэнум шэч хэлъкъым

**«ТекIуэныгъэм и напэкIуэцI нэхухэр: литературэ щIэин» зэIущIэр Налшык къалэм щекIуэкIащ накъыгъэм и 6 - 7-хэм. Ар къызэригъэпэщат «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм икIи хуэгъэпсат СССР-м Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэр къызэрыщихьам.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы хэтащ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм» и унафэщI, УФ-м и ЛIыхъужь Даркович Александр, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, министр Къуэшырокъуэ Залым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ, КъБР-м и министрхэу Езауэ Анзоррэ КIурашын Анзоррэ, дин лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакIуэхэр, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэлIхэр, студентхэр.

- Мы зэIущIэм хэт псоми фIэхъус фызох. Нобэ дызэхуэзышэса Iуэхугъур зытеухуар урыс щэнхабзэмрэ литературэмрэ хъумэнырщ. Дызэрыщыгъуазэщи, Урысей Федерацэм нэхъ лъэпкъыбэ щыIэкъым, дызэгурыIуэу абы дыщопсэу лъэпкъ куэд икIи ахэр псори зэгурызыгъаIуэр урысыбзэщ, дэ езым ди литературэр кIуэтэнымкIи тегъэщIапIэ тхуэхъуар урыс литературэрщ. Ди нэхъыжьхэм къагурыIуэрт я щIэныгъэр Урысейм къызэрикIыр. ИкIи гуапэ мыхъуу къанэркъым нобэрей щэнхабзэмрэ литературэмкIэ узэщIакIуэхэм ди зэхуэдэ хэкушхуэм фIыкIэ зэрыхуэлэжьэжыр. Ар Пушкин Александррэ Нэгумэ Шорэрэ я деж къыщежьа зэныбжьэгъугъэ дахэщ. Урысыбзэмрэ щэнхабзэмрэ дахагъэм, мамырыгъэм, зэныбжьэгъугъэм я фэеплъщи, ар зэи хуэмыдэжу нобэ тхъумэну ди къалэнщ. Абы Урысей къэралыгъуэр нэхъри зэригъэбыдэнум шэч хэлъкъым, - жиIащ Сэхъурокъуэм, зэIущIэм хэтахэм захуигъазэу.

Накъыгъэм и 7-р зэIущIэхэмкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ. КъБКъУ-м и ректоратым щызэхэта «Iэнэ хъурейм» къыкIэлъыкIуэу, литературэ-хэкупсэ зэIущIэ щыIащ. КъыкIэлъыкIуэу удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда студентхэм, университетым и лэжьакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я фэеплъым. «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм» и унафэщIымрэ абы хэтхэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ. Шэджагъуэ нэужьым ирагъэкIуэкIащ «ТекIуэныгъэм и напэкIуэцI нэхухэр: литературэ щIэин» зыфIаща хэзыгъэгъуазэ зэIущIэр.

- Мы Iуэхур къыщызэдгъэпэщым тегъэщIапIэ тщIар ди къэралым и тхыдэшхуэрщ. Дыхуейт зэман кIэщIым къриубыдэу тхыдэр къэтпщытэну, щIалэгъуалэр хэкупсэу ягъэсэнымкIэ сэбэп къытхуэхъуну гупсысэхэр къыхэткъузыкIыну. ИкIи, ипэжыпIэкIэ, блэкIа лъэхъэнэхэм еплъытмэ, щэнхабзэр нобэ къэщIэрэщIащ, зэрытIэпIыкIащ. Iуэхум къыхыдошэ политикэм, щэнхабзэм, литературэм, спортым и лэжьакIуэхэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи - урыс литературэм идощIэкI дызэрыгушхуэ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр. Ди иджырей зэхыхьэр Урысей къэралыгъуэм и зы щIыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэр дахэм зэрыщекIуэкIым дрогуфIэ, фIыщIэ фхузощI хьэщIагъэ екIу къызэрыдэфхам папщIэ, - жиIащ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм» и унафэщI Даркович Александр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

*Сурэтыр тезыхар* **Къарей Элинэщ.**

## Дэ а гъуэгухэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым

**Налшык къалэм дэт гимназие №14-м ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и пэ къихуэу щагъэуващ абы и еджакIуэхэр зыхэт «Дэ а гъуэгухэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым» театр теплъэгъуэр. Абы еплъащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Спектаклым лъабжьэ хуащIат Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэ цIэрыIуэхэу Васильев Борис и «А зори здесь тихие» повестымрэ Твардовский Александр и «Василий Теркин» поэмэмрэ.**



РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм илъэгъуахэр икъукIэ гунэс зэрыщыхъуар къыхигъэщащ:

- СыпIейтейуэ сакIэлъыплъащ ди сабийхэм, я гум хыхьэу «ягъэзэщIащ» псалъэр мыбдежым къыщысхуегъэзэгъыркъым - ролыр къапсэуащ, ар нэрылъагъут. ИкъукIэ фIыщIэшхуэ фхузощI, ди щIэблэ дахэхэ! Дэ фэркIэ догушхуэ! Иджыпсту зыхэтщIаращи, мыбдежым балигъхэм сабийхэр щагъэIущу аракъым, атIэ сабийхэм балигъхэм дигу къагъэкIыжащ а зауэ гущIэгъуншэм щыщ теплъэгъуэхэр. Дэ тщыгъупщэ хъунукъым ди нэхъыжьхэр: ди адэшхуэхэр, абыхэм я адэжхэр, апхуэдэуи цIыхубэр абыхэм дыкъызрагъэлауэ щыта щIэпхъаджащIэхэм ди къэкIуэнур, ди мамыр псэукIэр аргуэру щызыхъумэн хуейуэ къызыхудэкIауэ нобэ зауэ IэнатIэм Iутхэр. Хэхауэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэ нэсхэм, ди сабийхэм гурэ псэкIэ ядэлажьэхэм, ди къэкIуэнур зыубзыхухэм. НыбжьыщIэхэ, зэвгъащIэ фIыр ем сыт щыгъуи зэрытекIуэр! Фэ сыт щыгъуи фи уафэр мамыру щытынущ! Ди къэралым и къэкIуэнум хуэфэщэн щIэблэу фызэрыщытым дыщогуфIыкI!

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр и дэIэпыкъуэгъуу а театр теплъэгъуэр иджы ещанэу утыку кърахьэ. Абы еджакIуэ 80 къызэщIеубыдэ, класс нэхъыщIэхэм щIэсхэри яхэту. Гимназием театр унэтIыныгъэм илъэсиплI щIигъуауэ зыщрагъэужь.

## ГъащIэм и лъэхъэнэщIэм хохьэ

**КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ Урысей Федерацэм и паспортыр щратащ республикэм и курыт еджапIэхэм я ныбжьыщIэ 40-м нэблагъэм. Абы хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий, КъБР-м щыIэ МВД-м IэпхъуэшапхъуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Зэгъэщтокъуэ Мурат.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМРЭ абыхэм я адэ-анэхэмрэ защыхуигъазэм, Егоровэ Татьянэ жиIащ: «Нобэ мыхьэнэшхуэ зиIэ дэфтэр къыфIэрохьэ - УФ-м и цIыхум и паспортыр. Абы къикIращи, жэуаплыныгъэ зыпылъ лъэхъэнэм фыхоувэ. Иджыпсту фи зэманыр сэбэп пылъу, купщIафIэу зэрывгъакIуэм елъытауэ щытынущ фи къэкIуэнур зыхуэдэнур. Къэралым хуитыныгъэхэр къызэрывитым и гъусэу, зыщывгъэгъупщэ хъунукъым къалэнхэри фи пщэ къызэрыдилъхьэр. Нэхъыщхьэ дыдэр хэкупсэу фыщытынырщ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-м и махуэшхуэм ирихьэлIэу дэфтэрыр къызэрыфIэрыхьэм. Хэку зауэшхуэр цIыхубэм дежкIэ гъэунэхуныгъэшхуэт, ауэ абы дыкъригъэкIуэтакъым, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэт совет къэралыр зэрызэкъуэтам и фIыгъэкIэ. Ди къэралым ТекIуэныгъэр абы къыщихьащ, ауэ уасэшхуи щIитащ. НыбжьыщIэхэм сынывохъуэхъу ди лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуэфщIу, фахуэфащэу фыкъэхъуну. Урысей Федерацэм и цIыхуу фызэрыщытым фрипагэу фыпсэуну, ехъулIэныгъэ куэд зыIэрывгъэхьэну си гуапэщ. Урысейр Хэку къудейкъым. Урысейр - ар дэращ. Дэращ зэлъытар дыкъыщалъхуа къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнур. Фэ иджыри фыщIалэми, фIыуэ фызэреджэмкIэ, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру фызэрыхэтымкIэ, спортым, щэнхабзэм, гъуазджэм къыщывгъэлъагъуэ фи зэфIэкIхэмкIэ псоми факъыхэщыну фыхунэсащ. А ехъулIэныгъэ цIыкIухэри щIыналъэм, къэрал псом я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуохъу. Нобэ къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи хущIокъу щIэныгъэфI къызэрывитыным, IэщIагъэ зэрызэвгъэгъуэтыным. А Iэмалхэр фэ къэвгъэсэбэпын хуейщ».



Егоровэм дыщIигъуащ паспорт зратхэм зэрахэтыр хэкум и хъумакIуэхэм, мы зэманым дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэхэм я бынхэри. «Дрогушхуэ ди щIалэ хахуэхэм, икIи дохъуэхъу узыншэу, текIуэныгъэ яIэу икIэщIыпIэкIэ къагъэзэжыну. Ди нэхъыжьыфIхэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, узыншагъэ быдэ яIэну, мамыру, я гукъыдэжыр мыкIуэщIу псэуну дохъуэхъу», - жиIащ абы.

Зи гъащIэр Хэкум папщIэ зыта лIыхъужьхэм я фэеплъу, къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щыму щытащ.

Егоровэ Татьянэ ныбжьыщIэхэм я дэфтэрхэр ярситыжа нэужь, нэхъыщIэхэм захуигъэзащ Зэгъэщтокъуэ Мурат: «Нобэ, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэщ. Балигъ гъащIэм япэ лъэбакъуэ щывоч. Шэч къытетхьэркъым, зэман дэкIмэ, Хэкум и цIэр фIыкIэ зэрывгъэIуэнум, фи ехъулIэныгъэхэр зэрызэхэтхынум. Мы махуэр фигу ивубыдэн хуейхэм ящыщу къыщIэкIынщ. УФ-м и цIыхуу фызэрыщытым фригушхуэу дунейм фытетыну, ехъулIэныгъэ инхэр фиIэну дынывохъуэхъу».

ЖаIам пищэу, Текуев Амырбии ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ, гъуэгуанэ дахэ ирикIуэну, я мурадхэр къайхъулIэну къыхигъэщу.

ЩIалэгъуалэм къабгъэдэкIыу, Бэчкъанхэ Аидэрэ Ахьмэдрэ гулъытэ къыхуащIам папщIэ фIыщIэ ящIащ. «Ди республикэр, къэралыр щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу щIэныгъэ зэдгъэгъуэтыным теухуауэ. Абы дрогушхуэ, догъэлъапIэ», - къыхагъэщащ ныбжьыщIэхэм.

Зэхыхьэр Урысей Федерацэм и къэрал гимнымкIэ иухащ. НыбжьыщIэхэм тыгъэ хуащIащ Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуа тхылъхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***

*«Б» дивизионым и Япэ гуп. Ебгъуанэ джэгугъуэ*

**«Спартак-Налшык» - «Легион» (Мэхъэчкъалэ)**

***Налшык. «Спартак» стадион.***

***Накъыгъэм и 10.***
*Сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м.*



# Лъэужьым я нэхъ лъапIэр

**Дэ зы уэрамым дытест, ди унэхэр зэпэщыту, махуэ къэси дызэрылъагъурт. Ауэ а махуэм псом япэ зизгъахуэу Хьэсэнбий сехъуэхъуну мурад сщIат - майм и 9-т. Ар ТекIуэныгъэм зэримахуэм нэмыщI, Хьэсэнбий зауэм къызэрикIыжрэ къыщалъхуа махуэу къилъытэри арат. Ауэ си япэ къиища щыIэу къыщIэкIащ: ауэ щыт автобусым къикIауэ ди уэрам бгъузэм цIыху гупышхуэ щызэрызехьэрт, хэт пшынэ иIыгъыу, хэт бэрэбанэ еуэу, щIалэ цIыкIу зыбжанэм «Дынохъуэхъу, Хьэсэнбий» жиIэу зытетха щэкI плъыжьыр куэбжэшхуэм кIэрагъапхэрт. КъызэрыщIэкIамкIэ, гуп нэжэгужэр Аушыджэр къуажэм къикIа ныбжьыщIэхэт, я егъэджакIуэ зыбжани я гъусэу. «Мыр лIо, сытуи фыжьырытэдж», - зыхуэзгъэзащ сэ егъэджакIуэхэм ящыщ зым. «Хьэсэнбий мы махуэмкIэ демыхъуэхъуу зэи къэдгъанэркъым, - къызжиIащ абы, - Налшык къызэрыIэпхъуэжрэ мыбы дыкъакIуэурэ зэрытхузэфIэкIкIэ догъэлъапIэ, езым и гуапэ зэрытщIым хуэдиз гукъыдэж дэри къыдиту. ЯмыгъэлъапIэм хуэдэкъым ди нэхъыжьыфIыр».**

ЕГЪЭДЖАКIУЭМ и псалъэхэр и кIэм нигъэсатэкъым, иджыри зы машинэ къыIулъадэу, абы сэри куэд щIауэ сцIыху КъарэцIыкIу БетIал къыщикIам. И лэжьыгъэкIи, и цIыхугъэкIи, и лIыгъэкIи ехьэжьауэ дунейм тет а лIы щхьэпэлъагэр щIэх-щIэхыурэ щыплъагъунут Щхьэгъэпсэухэ я унагъуэм. ЖиIэж пэтми хуэмыухыу ар куэдрэ тепсэлъыхьыжырт Хьэсэнбий цIыхугъэу дилъэгъуар. КъызэрыщIэкIымкIэ, БетIали яхэхуат илъэс къэс жыхуаIэм хуэдэу Аушыджэр щызэрахъуэкI председателхэм. А зэманым ар унагъуэу зыгъэтIысыжари, сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъурэ чэнджэщэгъуу иIари Хьэсэнбийт. Ауэ езы Хьэсэнбий зэрыжиIэжымкIэ, колхозым мащIэу зыкъиIэту щIидза къудейуэ БетIали IуагъэкIат. Обкомым и лэжьакIуи яхэту, къулыкъущIэ гуп къакIуэщ, фIыуэ къыщытхъу защIри, Старэ Шэрэдж дэт профтехучилищэм унафэщIу ягъэкIуат.

«Дызэсэжа Iуэхут председатель хъуэжыныр, - жиIэрт Хьэсэнбий апхуэдэхэм деж, - БетIал ипэжкIи ар дыдэр иращIат КIуэкIуэ Мухьэмэди. Колхоз пэрытым кърагъэкIри, обкомым и чэнджэщкIэ ар ди къуажэм къагъэкIуат, ди колхоз къыкIэрыхур кърагъэIэтыну. «Нобэ къыщыщIэдзауэ сэ мы жылэм сыщыщу сыкъэфлъытэ, фыкъызогъэгугъэ слъэкI къэзмыгъэнэну», жиIат езыми. Ауэ а къэзыгъэкIуа обком дыдэм и унафэкIэ куэдрэ ямыгъэлажьэу къуажэм дашыжащ. Апхуэдэхэт ди Iуэхур, председателхэр зэкIэлъхьэужьу зэрахъуэжым нэмыщI, колхозым и цIэри зэрахъуэкIрейт. Колхозыр пэрытхэм ящыщ ящIыну я мураду, Лениным и цIэр къыфIащауи щытат. АрщхьэкIэ, а зэманым колхозыр нэхъри етIысэхъри, Лениным и цIэр абы игъэпуду, афIэкIа ар зэребгъэхьэ мыхъужыну къалъытат.

Ди колхозыр къыкIэрыхухэм ящыщми, пхужыIэнутэкъым ди цIыхухэм зыщIрагъэхыу. Сэ дзэ къулыкъум сыкъыщикIыжар 1947 гъэм и бжьыхьэрати, занщIэу колхоз Iэщым срагъэбыдылIат учетчикыу. Хуабжьу гугъут а лэжьыгъэр зэкIэлъыбгъэкIуэну, абы нэмыщI пхъэIэщэм щIэтщIэ жэм уэдыкъуахэм уаIуплъэну гукъутэт. Абыхэм къащIэкIыну шэ шынакъыр ямыгъуэтыжмэ, ныбэкIэ къулейсыз хъунухэр мащIэтэкъым. Сегупсысри, правленэм къыщыхэслъхьащ пхъэIэщэм щIэтщIэ жэмхэр хуит тщIыжын хуейуэ. Ар къыщыздаIыгъым сэ зыкIэ сыгуфIэрти, цIыхухэр дэнэ къэна, езы жэмхэми фIыщIэ къысхуащIу къысфIэщIырт.

Дыкъулейсыз дыди хуэдэтэкъым, уеплъамэ, а зэманым. Къарэсу къуажэм щытIыгъыу диIэ мэлыр миниплIым щIигъурт, жэмхэр 350-м нэблагъэрт, шыхэри ди мащIэтэкъым. Iэщым пэрыт цIыхухэр, я унагъуэхэр ящIыгъужу, жэщи махуи Къарэсу щыIэт. АрщхьэкIэ къытхуагъэув планхэр тхуэгъэзащIэртэкъым. Абы и щхьэусыгъуэр Iэджэ хъурт, зым хэкIыпIэ гуэр къыхуэдгъуэтмэ, адрейм дыпэмылъэщу».

Хьэсэнбий зауэм щраджам курыт школи къиухатэкъым, ебланэ классым щиухат и еджэныр. Абы къыхэкIкIэ хуабжьу фIэкъабылу акъылэгъу хъуат IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру Налшык къыщызэIуаха илъэсищ курсхэм еджакIуэ ягъэкIуэну къыщыжраIам. Абы щызэхуашэсат езым хуэдэ гуп. Хьэсэнбий куэдрэ я гугъу ищIыжырт иужькIэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуахэу Абазэ СэIэдулэ, КъуэщIысокъуэ Хьэжмухьэмэд, Ащыж Мурадин, Хьэпэ Хьэзрит, ТхьэкъуахъуэБашир, Къанокъуэ Забир, Пэнагуэ Азэмэтджэрий сымэ. ГукъэкIыжым къыщымынэу, ахэр икIи зэкIэлъыкIуэрт. Хьэсэнбий нэхъ щIэх-щIэхыурэ зыхуэзэри, зи хъыбар нэхъыбэ жиIэжри, дауи, я гъунэгъу колхозым и председатель Атэбий Мыхьэмэтт. Ар, шэч хэмылъу цIыху гъэщIэгъуэну щытат, езы Хьэсэнбий зэрыуэршэрэгъу жьакIуэр абы хэплъхьэжмэ, Мыхьэмэт и хъыбар къызэрымыкIуэхэм зэи утезэшэнутэкъым. Колхоз унафэщIхэр щIэхщIэхыурэ яхъуэжми, Хьэсэнбий сыт щыгъуи зы пIэм къинэжырт, Iэбэм къагъуэту, мыхъур абы и деж щыхужыну къалъытэу. Зэм ар бригадирт, зэм агрономт, зэм зоотехникт, зэм фермэм и унафэщIт, зэм председателым и къуэдзэт, уеблэмэ колхоз мылъкур щахъумэ складхэр и IэмыщIэ къыщралъхьи щыIэт. МафIэр зэхэмыкIыжын щхьэкIэ жэщым жьэгум щыщIахъумэу щыта дэпхэрт Хьэсэнбий зэщхьыр. Тхьэм ещIэт ар апхуэдэу къалъытэу щытарэ щымытарэ, ауэ а зэманым абы игъэзэщIа къалэныр пэж дыдэу зэбгъапщэ хъунур мафIэзэхэмыгъэкIыжырт.

Хьэсэнбий ауэ сытми лэжьакIуэшхуэ къудейм къыщымынэу, гъащIэм фIыуэ пхрыплъыф, езым и гупсысэкIэ зиIэж цIыхуу зэрыщытым и щыхьэтт агроном IэщIагъэ щызригъэгъуэта курсхэр къиухыу илъэс тIощI дэкIыжа иужь, университетым заочнэу щIэтIысхьэу зоотехникыуи зэреджар. А зэманым абы и ныбжьыр илъэс 50-м фIыуэ щIигъуат.

Хьэсэнбий зауэм зэрыхэтам и гугъу щищIыжыр зэзэмызэххэт. Ари уеупщIа нэужь. Сэ схужегъэIэжа псори зэхэплъхьэжмэ, кIэщIу зэрыхъур мырат, езым и псалъэкIэ жыпIэжмэ.

«Зауэм щыщIидзам абы сашэн хуэдэу си ныбжьыр нэсатэкъыми, щIытIым сагъэкIуат. Абы сыщыIащ 1942 гъэм и август пщIондэ. ИтIанэ, сэ схуэдэ щIалэ зытIущи си гъусэти, дызэгурыIуэри, военкоматым дыкIуащ, зауэм дагъэкIуэну дылъаIуэу. ЯпэщIыкIэ дагъэкIуащ Орджоникидзе дэт дзэ училищэм. Нэмыцэр Кавказым къыщысым, сержант къытфIащри, курсанту хъуар зауэм дыIуашащ. Быдэу къыджаIащ фашистхэм щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэр ебгъэубыд зэрымыхъунур. А щIалэщIэ къомым абы лIыгъэу къыщагъэлъэгъуар пхужымыIэжыным хуэдизт. Ди нэхъыбэр губгъуэм къинами, бийр къэдгъэувыIат. Абдежт япэу ди нэгу щыщIэкIар фашистхэм къыдащIылIа зауэр зищIысыр. Абы иужькIэ махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зауэм дыIухьэрт, зи насып къикIыр псэууэ къыхэкIыжу, биишэм ихьар санитархэм зэщIакъуэжу. Сэ нэхъ насыпыфIэхэм сащыщу къыщIэкIынти, зи чэзур къэсахэм сахэхуэртэкъым. Апхуэдэурэ екIуэкIащ иужькIэ цIэрыIуэ хъуа Каховкэм дынэсыху. Абдеж уIэгъэ хьэлъэ сыщыхъури, зэуапIэм сыкъыIуахащ. ТIэкIу нэхъыфI сыхъужа нэужь уIэгъэщым къыщысщIащ Вагъуэ Плъыжь орденыр къызэрысхуагъэфэщар. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ - абы гушхуэныгъэ ин къысхилъхьат, уIэгъэ стелъри сщигъэгъупщэжу. Зауэм Iутым дежкIэ щIыхьышхуэт орденкIэ уагъэлъэпIэныр. А япэу уIэгъэ сыщыхъуамрэ япэу къызата дамыгъэмрэ нэхъ сигу къинами, иужькIи згъэунэхуащ ахэр. УмыгъэунэхупIэр иIэт - зауэм дыIут зэпытт.

Зауэр и кIэм нэхъ нэблэгъэхукIэ бийр нэхъ хьэщхьэрыIуэ хъурт, ажалыр дэнэкIи къыщыппэплъэу. Махуэ гуэрым, си уIэгъэхэр згъэхъужри, зауэм Iут ди частым къэзгъэзэжауэ, унафэ къысхуащIыным сыпэплъэу сыщытт, сэ схуэдэ гуп сахэту. Офицер гуэр къызэджэри сызыбгъэдишащ. Си цIэ-унэцIэмкIэ къызэупщIри, къыспкърыупщIыхьу щIидзащ. «Сыхьэт нэкъуэ нэсауэ сыпкIэлъоплъри, мы уи гъусэхэм уарещхькъым, - жиIащ абы, - уи зыIыгъыкIэри, уи цIыху хэтыкIэри, уи псэлъэкIэри нэгъуэщIщ. Дэнэ ущыщ?» ЖесIащ сызэрыадыгэр, егъэлеяуэ зыри зэрыскIэрымылъыр, адыгэ хабзэм сытет къудейуэ зэрыарар. ИгъэщIэгъуащ. «ДяпэкIэ фи командирынур сэращ, дэIэпыкъуэгъу сыхуейщи, уарэзыуэ щытмэ, си ординарецу укъэсщтэнт. Хэт ищIэрэ, а уи адыгэ хабзэ жыхуэпIэм уэри сэри дыкъихъумэнкIэ хъунщ», жиIащ. СымыарэзыпIэр иIэт, абдеж щыщIэздзэри, командирым сыбгъурытащ, и псалъэ тIу сымыщIу. ЗэрыжиIауэ щыта дыдэм хуэдэуи, лажьэ димыIэу Берлин дынэсащ, дынэса къудейми къыщымынэу, а къалэм иджыри илъэситIым щIигъукIэ къулыкъу щысщIэжащ. Сыкъыщежьэжым командирым IэплIэ къысхуищIыжурэ къыздэгушыIат: «БжесIатэкъэ хабзэ зыхэлъыр биишэм къызэримыщтэнур. Псом хуэмыдэу ар адыгэ хабзэу щытмэ! Куэдрэ иджыри узыншэу тхьэм зуригъэхьэ!» ПэжынкIэ хъунт командирым къызжиIар. Абы лъандэрэ адыгэ хабзэм зыри пэсщIакъым.

Хабзэм хуэдэ къабзэу цIыхум сыт щыгъуи щIыгъупхъэхэм ящыщщ гугъэри. Абы щыхьэт техъуэ зы щапхъэм и гугъу пхуэсщIынщ. Сэ а зэманым колхоз Iэщым егъэбыдылIауэ сылажьэрти, кIыфIзэхэту пщIантIэм сыкъыдэкIауэ шыгум сыпэплъэу сыщытт. Соплъэри, фIыцIагъэ гуэр къысхуэкIуэу солъагъу. Къэсмэ - тпэмыжыжьащэу псэу, Iэджэ щIауэ сымылъэгъуа фызыжьт. «ЛIо, Диснэху, сыту ужьырытэдж», жызоIэ, и Iэблэр соубыдри. «Алыхь сыщIэжьырытэджырам, - жи, - къуэ къыпхуалъхуауэ зэхэсхати, цIэ фIэсщынщ жысIэри сыкъежьауэ арат, удэмыкI щIыкIэ». КIыхьу абы сытепсэлъыхьыну къысхуемыгъэкIуу, япэу си щхьэм къихьар жесIащ: «А жыхуэпIэм, уэлэхьи, укъыкIэрыхуакIэ, цIэ фIащауэ жаIэу зэхэсхащ». Дауи, ар и гуапэ хъуакъым нанэм, ауэ зигъэкъиинакъым. «Хъунщ-тIэ, сыкъыщыкIэрыхуакIэ сыт тщIэн, уи къуэм къишэрэ бын иIэ хъумэ, абы фIэсщынщ цIэ», жиIэри зигъэкIэрэхъуэжащ. «Уэлэхьи, куэд уи гугъэм уэ сэ слъагъум», жысIэу сегупсысри, сыкъыпыгуфIыкIыурэ сэри шыгу къыIухьам ситIысхьащ. Ауэрэ зэманыр кIуэурэ, уэлэхьи, си къуэри лIы мэхъури, щхьэгъуси къыхудошэм. ЩIалэ цIыкIу яIэ хъуауэ дуней гуфIэгъуэр сиIэу куэбжэпэм сыIуту, соплъэри, фызыжь гуэрыр къокIуэ. «ПщIэжрэт жи япэм бжесIауэ щытар?» Ар сщIэжын дэнэ къэна, пэжыр жыпIэмэ, езы дыдэр иджыри къэс зэрыпсэур сщыгъупщэжат. Ауэ ар абы дауэ жесIэнт? «Хъунщ-тIэ, пщIэжмэ аращ, уи къуэрылъхум фызэреджэнур Аслъэнбийщ, цIэфIэщ джанэри мис», жиIэри, зэкIуэцIылъ гуэр къысIэщIилъхьэри IукIыжащ, нысхущIыхьэн имыдэу. Абы иужькIи зыкъомрэ псэужащ си къуэрылъхум цIэ дахэ къыхуэзыгъэна нанэр. И ахърэтыр дахэ Тхьэм ищI. Апхуэдэ гуэру къыщIэкIынщ адыгэм жеймрэ гугъэмрэ адэ щIэиныфIщ зытрижыIыхьар».

*Хьэсэнбий и гукъэкIыжхэр къытхуэзыIуэтэжар*
**ДЖЭРЫДЖЭ Арсенщ.**



ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирокъу

# Щхьэлыкъуэдэсхэр ирогушхуэ

**ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу ди къэрал иным хэт щIыпIэ псоми Iуэхугъуэфlхэр щокIуэкI. Абыхэм ягу къыщагъэкIыж я лъахэм щыщу фашистыдзэм пэщIэувахэр, лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу Хэку-анэр бий ерум щызыхъумахэр. Апхуэдэ Iуэхугъуэфl щрагъэкIуэкIащ Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и къэлъыхъуакIуэ ныбжьыщIэхэм. Ахэр щыIащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэкIуэдахэм я унэхэм, я къуажэгъу лIыхъужьхэм ятеухуа хъыбархэр зэхуахьэсыжын мурадкIэ.**



**ЛIуп Хъанджэрий.** *1940 гъэ.*

ШКОЛАКIУЭХЭР здэщыIахэм ящыщщ Куэшмэнхэ Борисрэ Зоерэ я унагъуэр. Ахэр унагъуэ дахэу, хабзэрэ нэмысрэ зэрылъу илъэс 60-м щIигъукIэ зэдэпсэуащ. КъащIэува быниплIым ящыщ дэтхэнэми гъащIэм зэрыхэтын щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ, нэхъыщхьэрати, цIыху пэжу, псэ къабзэу ягъэсащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Борис и адэ Куэшмэн ПIатIи Зое и адэ ЛIуп Хъанджэрии Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ, къэралым и щхьэхуитыныгъэр яхъумэу. Абыхэм ятеухуауэ зыщыщ унагъуэхэм къаIэрыхьа письмо плIимэхэм ярытащ Куэшмэн ПIатIи ЛIуп Хъанджэрии хъыбарыншэу зэрыкIуэдар. Бориси Зои куэдрэ лъыхъуащ я адэхэм, сыт хуэдэми абыхэм я зы лъэужь гуэр техьэн мурадкIэ. Борис и адэм хъыбар гуэри имыщIэу дунейм ехыжащ. Ноби зыри щыгъуазэкъым зи щхьэр къэралым хуэзыгъэтIылъа Куэшмэн ПIат и кIуэдыкIам. АтIэми, Зое и адэм и хъыбар къэIуащ, зауэр зэриухрэ илъэс 70-м нэс дэкIауэ...

Куэд мэхъу Зое нанэ и гукъэкIыжхэр... Нэпсыр тэмакъыщIэм къыщIэгъуалъхьэ зэпытурэ, абы ныбжьыщIэхэм яхуиIуэтэжащ и адэ ЛIуп Хъанджэрий теухуауэ зыщыгъуазэ псори...

ЛIупхэ ХъанджэрийрэФатIимэтрэ (ар Мамийхэ япхъут) унагъуэ дахэу псэун ирагъэжьат, зыдэс жылэм пщIэ къыщыхуащIу. Зоё зэрыжиIэжымкIэ, абы и адэ Хъанджэрий Щхьэлыкъуэ къуажэм дэса комсомолец жыджэрхэм ящыщащ. Къыхэдгъэщынщи, а жылэм и комсомол зэгухьэныгъэр лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 - 30 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин дыдэхэм ящыщт. Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэ илъэсхэм жылэм дэс апхуэдэ щIалэгъуалэ пэрытхэм я бжыгъэр 120-м фIэкIырт. Ахэр хьэлэлу хуэлажьэрт къуажэ колхозыр зэфIэгъэувэным, псэуныгъэр егъэфIэкIуэным, щIэблэр егъэджэным. Комсомолым хэт ЛIуп Хъанджэрий ящыщт апхуэдэхэм. Къуажэм дащIыхьа школыщIэм щылажьэ щIалэхэм хуэдэу, ар и лэжьыгъэмкIэ пэрытт, жэуаплыныгъэр зыхищIэу и къалэнхэр ирихьэкIырт. Хъанджэрий зи унафэщI классым къуажэм щыяпэ пионер зэгухьэныгъэ къыщызэригъэпэщауэ, адрейхэм я щапхъэу IэнатIэр ирихьэкIырт.

Апхуэдэ гъатхэт, гъэмахуэт - лэжьыгъэр щеужьэрэкIрэ зэхьэзэхуэр щыщIэхуэбжьарэт - 1941 гъэм щхьэлыкъуэдэсхэр зытехьар. Щэбэт щIыхьэхушхуэм егъэджакIуэ щIалэхэм пщэдэлъ плъыжь зыдэлъ я гъэсэнхэр я гъусэу, накъырапщэхэр я пашэу, школым и хъуреягъкIэ, къуажэ уэрам Iуфэхэм щыхасат щиху, бзииху жыгхэр. Пионерхэр дэIэпыкъуэгъу яхуэхъурт нанэ цIыкIухэм, сабий цIынэ зиIэ анэхэм: хэти бжьын хьэсэхэр, кIэртIоф зыхасэну щIыхэр къыхуатIырт, адрейхэми псы къыхуахьырт - кIэщIу жыпIэмэ, унагъуэ Iуэхухэр дагъэпсынщIэрт...

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-р совет цIыхубэм гуауэшхуэ къахуэзыхьа махуэт. Хэкупсэу, цIыху пэжу жылэм дэсхэм я щапхъэ егъэджакIуэ-комсомолецхэр Хэку зауэшхуэм и 2-нэ махуэм псори зэгъусэу военкоматым кIуащ. Фронтым ягъэкIуэну щIэлъэIуу тхылъ ятхри зауэм дэкIащ. Зауэм Iухьэн и пэкIэ, ЛIуп Хъанджэрий еджапIэ ягъэкIуауэ щытащ Орджоникидзе дэта, лъэсыдзэхэр щагъэхьэзыр училищэм. Ар пIалъэ кIэщIым къриубыдэу къиухри, адыгэ щIалэр зауэм Iухьащ, 12-нэ дзэм и 404-нэ фочауэ полкым хэту.

Фочауэ взводым и командир ЛIупыр зыхэхуа дзэ гупым, зэзауэ хьэлъэхэр иригъэкIуэкIауэ, иджы Ростов и Iэшэлъашэхэм деж зыщигъэбыдэрт, бийр адэкIэ имыгъэкIуэныр и къалэну. Абдеж Хъанджэрий япэу нэмыцэхэм щапэщIэуващ. ЛIыгъэ хэлъу, хахуагъэ къигъэлъагъуэу адыгэ щIалэр щызэуащ Чёрная Балкэ, Мешковская жылэхэм я гъунапкъэм. Зауэхэм ящыщ зым лейтенант нэхъыжь ЛIупыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ.



**ЛIыхъужьым и кхъащхьэр.** *Крымск къалэ*

И узыншагъэр зэрызэтеувэжу, махуэл димыхыу, ар щIэлъэIури, фронтым Iухьэжащ. Хъанджэрий ягъэкIуащ 176-нэ фочауэ дивизэм, ротэм и командир къалэныр пщэрылъ къыщащIри. 1942 гъэм шыщхьэуIум къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэ пщIондэ ЛIупыр зыхэт дзэм Грознэрэ Бакурэ я щIыдагъэм хуеIэ бийр зэтриIыгъэфащ. Мэлгъэбэг деж нэмыцэдзэр къыщызэтрагъэувыIэри уеблэмэ ирагъэкIуэтыжу хуежьащ. Хъанджэрий зыхэт дивизэр бийм кIэлъыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэмкIэ къыкIуэцIрыкIырт. Абы щыгъуэ ЛIупым Iэмал игъуэтащ зы махуэ закъуэкIэ и анэ Фаризэт деж лъагъунлъагъу Щхьэлыкъуэ къуажэ къыдыхьэжыну. Зэрыхьэблэу, зэрылъэпкъыу къызэхуэсат асыхьэтым. Фаризэти и быным бгъэдэст, и бгъэгум къытена уIэгъэ лъэужьым едэхащIэу. Хэт ищIэнт ар анэмрэ къуэмрэ я иужьрей зэхуэзэу?..

КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым Хъанджэрий псоми зэгъусэу ирагъэжьэжащ. Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу абы къыбгъэдэкI письмо унагъуэм къаIэрыхьащ. ЛIупым зэритхымкIэ, Краснодар, абы и гъунэгъу жылэхэр бийм къыIэщIагъэкIыжат. Нэмыцэр, къеплъэкI имыIэу, хэкум ирахужырт. Аращ къуэм къитхауэ анэм къыIэрыхьа иужьрей тхыгъэр. 1943 гъэм и гъэмахуэкIэм Фаризэт къыхуэкIуащ хъыбар гуауэ зэрыт тхылъымпIэ: «Фи къуэ ЛIуп Хъанджэрий Нухь и къуэм лIыгъэ хэлъу и псэр итащ Хэкум папщIэ». Арат зэрыхъури - щаукIа щIыпIи, къыщыхъуа махуи къыщыгъэлъэгъуатэкъым.

Куэдрэ лъыхъуащ унагъуэр къуэм, адэм, адэшхуэм и иужьрей хэщIапIэм, арщхьэкIэ жэуап тэмэм зэи къаIэрыхьакъым. Украинэм, Урысей Федерацэм, ди республикэм я вонкоматхэм мызэ-мытIэу тхыгъэ ягъэхьащ Фаризэти, Хъанджэрий ипхъу Зои, и пхъурылъху Аслъэни. Хъанджэрий и лъагъуэ пэжым унагъуэр щытехьар ар дунейм зэрехыжрэ илъэс 67-рэ дэкIа нэужьщ, 2011 гъэм и бжьыхьэрщ. Краснодар крайм и дзэ комиссар Щёлочков ЛIупхэ хъыбар къазэрыригъэщIамкIэ, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Краснодар крайм щыщIалъхьа зауэлIхэм яхэтщ лейтенант нэхъыжь ЛIуп Хъанджэрий Нухь и къуэр. Ар Крымск къалэм дэт къуэшыкхъэм щIэлът.

Махуэл димыхыу Аслъэн Крымск кIуащ, и къуажэгъу нэхъыжь Шэрий Гъумар щIыгъуу. Къалэм дэт кхъэм абыхэм къыщагъуэтащ ЛIуп Хъанджэрий и кхъащхьэр. Абы и цIэр тетт а щIыпIэм щыхэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъ сынышхуэм. И адэшхуэм и кхъащхьэм Аслъэн трикIутащ ар щалъхуа щIыналъэм щыщ щIы IэмыщIэ, удз гъэгъаи трилъхьащ, Хъанджэрий и кхъащхьэм щыщ щIы тIэкIуи бэлътокум къыкIуэцIикIутэри унэм къыздихьыжащ. И адэм и кхъащхьэм къикIа щIы IэмыщIэр, дауи, лъапIэщ Зое и дежкIэ.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу ди Хэкур бий бзаджэм щызыхъума лейтенант нэхъыжь ЛIуп Хъанджэрий Нухь и къуэм и фэеплъ нэхур ноби сакъыу яхъумэ абы къыщIэхъуа щIэблэм. Хъанджэрий хуэдэ лIыхъужьхэм ирогушхуэ, гъэсэныгъэ щапхъи ящI щхьэлыкъуэдэсхэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Венэ нэсащ

**Сыжажэ Талий Къасым и къуэр (1914 - 1983) ящыщщ Хэку зауэшхуэм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс хэта совет зауэлIхэм. Ар зауэм къикIыжащ, фронтым щызэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щыхьэт къэрал дамыгъэхэр и бгъэм щылыдрэ шэ къутахуэхэр и IэпкълъэпкъымхэлъуАпхуэдэу щытми, ТекIуэныгъэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, 2015 гъэм, къыдэкIа «КъБР-м и Фэеплъ тхылъым» иратхащ фронтым и псэр щитауэ: «Сыжажэ Талий Къасым и къуэр 1941 гъэм Бахъсэн район военкоматым совет армэм ириджащ. Сэлэтщ. 1942 гъэм хэкIуэдащ»...**

ДИ лъахэгъу зауэлI хахуэм и зауэ гъуэгуанэм хэлъ щэхухэр къатIэщIыжащ ди республикэм щыщ къэлъыхъуакIуэ цIэрыIуэхэу Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, 1942 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хъуа, гъунэгъуу къыщыуа лагъымым и къутахуэ куэд зи Iэпкълъэпкъым хипхъа Талий псэзэпылъхьэпIэм итащ ипэжыпIэкIэ. АтIэми (Алыхьым и къарур инщ), езыми и Iыхьлыхэми я насыпти, къелащ а мафIэ лыгъэм. Абы щыгъуэ къытехуауэ щыта шэ къутахуэхэм ящыщ куэд Талий къыздрихьэкIащ, дунейм тетыху.

Мыбдежым къыхэдгъэщынщи, Нэхущхэ зэадэзэпхъум лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ ди щIыналъэм щыщу зи Iуэху дэхуэха зауэлIхэм ятеухуа хъыбар пэжхэр зэхуэхьэсыжынымкIэ. Ди щIыналъэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм а лъэхъэнэм хуагъэфэщауэ, ауэ щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ яIэрымыхьэжауэ щыта СССР-м и къэрал дамыгъэ 40-м щIигъум щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр Ахьмэдрэ Дианэрэ я фIыгъэкIэ блэкIа илъэс зыхыблым къриубыдэу иратыжащ зей зауэлIхэм е абыхэм я Iыхьлыхэм. Талии ящыщащ Нэхущхэ я гулъытэфIыр зылъэIэсахэм.

1914 гъэм ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ къуажэм (Зеикъуэ) къыщалъхуащ Талий. 1941 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м дашри, хагъэхьащ 115-нэ шу дивизэм. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, бадзэуэгъуэ мазэм, ар хэтащ Ростов щIыналъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. 1942 гъэм бжьыхьэпэ мазэм 115-нэ шуудзэм и штабым щагъэхьэзыра тхылъымпIэм зэритымкIэ, а дивизэм хиубыдэ 278-нэ полкым щыщ зауэлI Сыжажэ Талий уIэгъэ хъуащ. Дэфтэрым иратхащ хэкIуэдахэм я цIэ-унэцIэхэри. Ари апхуэдэхэм хабжауэ къыщIэкIащ.

Ростов губгъуэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм къелащ Талий. И уIэгъэр зэпцIыжа нэужь, 1942 гъэм щIымахуэпэ мазэм фронтым Iухьэжащ 269-нэ фочауэ дивизэм хэту. 1943 гъэм, щэкIуэгъуэ мазэм, ар пIалъэ кIэщIкIэ хэхуащ 188-нэ фочауэ полкым. 1944 гъэм и пэщIэдзэм 279-нэ фочауэ дивизэм хагъэхьэри, Украинэр, Къырым щIыналъэр хуит къэзыщIыжахэм ящIыгъуащ. Сыжажэр сэлэт хахуэу зэрыщытам и щыхьэтщ дивизэм хиубыдэ 1003-нэ полкым и командирым и Iэ зыщIэлъ тхылъымпIэр: «Къырымым хиубыдэ Азэт къуажэр бийм къыщыIэщIахыжым, фашистхэр зэпымыууэ IэщэкIэ къызэрыуэм щхьэкIэ мыдзыхэу, нэмыцэм пэгъунэгъуу зауэ ди лъэсыдзэм шэхэр зэраIэригъэхьам, апхуэдэу ди дзэр щебгъэрыкIуэм къызэрымылэнджам папщIэ «Зауэ зэфIэкIхэм щхьэкIэ» медалыр сэлэт Сыжажэ Талий Къасым и къуэм етын». А дамыгъэ лъапIэр адыгэ щIалэм къыщыIэрыхьэжар зауэр щиуха илъэсырщ. Ипщэ советыдзэ гупышхуэм щыщ генерал-майор Ткаченкэ и IэкIэ кърITыжащ ар.



1944 гъэм Сыжажэр япэщIыкIэ хэтащ 200-нэ фочауэ полкым. ИужькIэ Австриер хуит къэзыщIыжа зауэлIхэм я гъусэу бийм пэщIэтащ. Зауэм хэкIуэдауэ зытеIукIауэ щыта Талий куэдрэ игу къигъэкIыжырт советыдзэхэм Венэ хуит къыщащIыжауэ щыта 1945 гъэм и мэлыжьыхь мазэр. Маршалхэу Малиновскэмрэ Толбухинымрэ я унафэм щIэта дзэшхуэхэм ехъулIэныгъэкIэ зэфIагъэкIауэ щытащ мыхьэнэшхуэ зиIа а ебгъэрыкIуэныгъэр. «Венэ хуит къэтщIыжащ! Иджы Берлин дыхуокIуэ!» - апхуэдэ къыхуеджэныгъэм щIэту Германием и къалащхьэм хуеIэрт советыдзэхэр.

ТекIуэныгъэ Иным Сыжажэр щыIущIащ Австрием и къалащхьэ Венэ. Абы щыгъуэ трахауэ щыта сурэтыр Талий къахуигъэхьауэ щытащ и адэ-анэм. Ар нобэ пщIэ хуащIу яхъумэ, сакъыу зэрахьэ зауэлI хахуэм къыщIэна унагъуэм исхэм, я адэ, адэшхуэ, дадэшхуэ лIыхъужьым и фэеплъу.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ, зауэр щиуха илъэсым Талий къратащ «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалыр. Апхуэдэу къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм Сыжажэм къыхуагъэфэщащ ТекIуэныгъэр къызэрахьрэ илъэс бжыгъэ хъурей щрикъу махуэхэм я саулыкъукIэ къыдагъэкIа къэрал дамыгъэ зыбжани.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, Сыжажэ Талий адэжь щIыналъэм къекIуэлIэжащ. Махуэл димыгъэкIыу ар хыхьащ къуажэм щызэхэт хозяйствэм икIи илъэс куэдкIэ хьэлэлу къэралым хуэлэжьащ. Унагъуэ дахи иухуат Талий. Абы щхьэгъусэ ищIащ Къармокъуэхэ япхъу Маржэнэт (Быцэ). Зэщхьэгъусэхэм зэдапIащ быний: Анатолэ, СулътIан, Мусэ, Райе, Майе, ФатIимэт, Iэминат, Катя сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэрэ зэрыпсэун IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ адэ-анэм, унагъуэуи ягъэтIысыжащ.

Илъэс 40-м нызэрыхьэсат Хэку зауэшхуэр иухыу псори и пIэм зэритIысхьэжрэ. Сыжажэхэ я унагъуэшхуэми, мамыр гъащIэм зыдэзыузэщIыжа совет унагъуэ мелуанхэм ахэр ящыщти, я Iуэху ящIэжу, бын япIу, щIэблэ къащIэхъуэр лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ я гъуазэу ягъасэу псэурт. Унагъуэми, бынми, къуэрылъху-пхъурылъхухэми ехьэлIа псомкIи насыпышхуэкIэ Алыхьыр къахуэупсауэ къалъытэу бынымрэ абыхэм я щIэблэмрэ яхэтащ Талии Быци.

Зэманыр кIуэхукIэ Талий нэхъ зыкърагъащIэрт зауэжьым къытридза удынхэм, и IэкълъэпкъымкъыхэнашэкъутахуэхэмПсом хуэмыдэу гугъу иригъэхьащ и тхьэмбылым хэлъу илъэс пщIы бжыгъэкIэ кърихьэкIа шэ къутахуэм. Зауэжьым къытридза уIэгъэмрэ фэбжьхэмрэ къэятэжри, Сыжажэ Талий 1983 гъэм дунейм ехыжащ, и ныбжьыр илъэс 69-рэ хъуауэ.

Дунейм ехыжа нэужьи, зауэлI хахуэм и цIэр къаIэтыжащ. 115-нэ шуудзэм хэту, Зеикъуэ щыщ зауэлIыр фашистхэм Сталинград къалэм и Iэшэлъашэхэм деж щезэуат. Абы щыгъуэ Талий кърахын хуеят «Сталинград бийм зэрыщихъумам папщIэ» медалыр. АрщхьэкIэ а дамыгъэр езыми кърахыкъым, и Iыхьлыхэми иужькIэ къаIэрыхьакъым. Сэлэт хуахуэм и къуэрылъху Рустам къыбгъэдэкIыу Нэхущхэ 2019 гъэм письмо ягъэхьауэ щытащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм КадрхэмкIэ иIэ управленэ нэхъыщхьэм икIи а Iуэхум хэплъэу унафэ трищIыхьыну елъэIуат. Куэд дэмыкIыу тхыгъэм и жэуап къыIэрыхьащ Талий и къуэрылъхум: «Уи адэшхуэм, Сыжажэ Талий Къасым и къуэм, «Сталинград бийм зэрыщихъумам папщIэ» медалыр зэрырамытам теухуа письмом щыгъуазэ зытщIащ. Абы щыхьэт техъуэ тхылъымпIэр къыватыжынущ, УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ, Дамыгъэ IуэхухэмкIэ и управленэр хэплъа нэужь».

Фронтым Iутахэм къратын хуея дамыгъэхэр къэугъуеижыным, ахэр зыхуагъэфэщахэм я Iыхьлы гъунэгъухэм яIэрыгъэхьэжыным ехьэлIауэ Нэхущ зэадэзэпхъум ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ икIи псапэшхуэ зыпылъщ. Абыхэм я фIыгъэщ Сыжажэ Талий и къуэрылъхум Хэку-анэр бийм щызыхъума и адэшхуэм зауэ зэманым къыхуагъэфэщауэ щыта къэрал дамыгъэ лъапIэм щыхьэт техъуэ тхылъыр къызэрыратыжар.

Сыжажэ Талий Къасым и къуэм, зауэлI хахуэм, лэжьакIуэ псэемыблэжым, адэ щабэм, адэшхуэ гумащIэм и фэеплъ нэхур яхъумэ абы къыщIэна унагъуэм исхэм, и бынхэм, абыхэм къащIэувэ щIэблэхэм. ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ирихьэлIэу иужьрей илъэсхэм къызэрагъэпэщу екIуэкIа «Полк уахътыншэ» пэкIум хэтащ Талий и щIэблэр, я адэшхуэ лIыхъужьым и сурэтыр лъагэу яIыгъыу, абы зэрихьа хахуагъэхэм, зэфIиха Iуэху инхэм иригушхуэу. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу лъэхъэнэм Сыжажэ Талий и цIэр иджыри зэ фIыкIэ къызэритIуам и абы и псэр Тхьэм щигъэгуфIыкI. Куэдрэ ирепсэу лIыхъужьым и цIэр, Iыхьлыхэм, благъэхэм я Iуэтэжхэм хэту.

**ТАМБИЙ Линэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм автотранспорт IэнатIэм и лэжьыгъэр зэтеухуэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ и къудамэм и водитель **Дзэмыхь Iэбу ФIыцIэ и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм автотранспорт IэнатIэм и лэжьыгъэр зэтеухуэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ и къудамэм и водитель **Даниленкэ Олег Александр и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Даниленкэ Александр Владимир и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

## Мамыр гъащIэм хуэлажьэрт

**Хэку зауэшхуэм и зэманым ди къэралым нэхъыщхьэу щыщытащ «Псори фронтым папщIэ, псори ТекIуэныгъэм папщIэ!» къыхуеджэныгъэр. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэ дыдэт: бий хьэщхьэрыIуэр ди псэм къеIэрт, дищIхэр ттрихыу пщылIыпIэм дригъэувэну хущIэкъурт. Апхуэдэ шынагъуэр гъэкIуэдыным япэ къиувэ къалэн щыIэтэкъым. Ауэ ар сыт хуэдизу ину щытами, ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ зэхащIыкIырт зыужьыныгъэри къызэтебгъэувыIэ зэрымыхъунур, абы къэралым и къэкIуэнур зэрелъытар.**

АР ТЕЛЪЫДЖЭЩ, ауэ дунейр къызэригъэщIрэ цIыхум нэхъапэм имылъэгъуа зауэшхуэ зи щIыналъэм щекIуэкI СССР-р зауэ къудейтэкъым, атIэ икIи мамыр гъащIэм хуэлажьэрт. ЖытIэну ирикъунщ нэмыцэхэр Москва щыIута 1941 гъэм и дыгъэгъазэми ди къалащхьэм и метрор нэхъ кIыхь щIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэрыщамыгъэувыIар (абы и ещанэ чэзур хьэзыр ящIащ 1943 гъэм). Совет Союзым зыри щыIуэхуншэтэкъым: цIыхухъухэр зауэрт, цIыхубзхэр, лIыжь-фызыжьхэр, уеблэмэ сабийхэр лажьэрт. Псом хуэмыдэу гугъу ехьырт Хэкур къэрагъэлыну кIуа цIыхухъухэм я пIэ иува цIыхубзхэр. ИкIи зыхуэлажьэри фронтым и закъуэтэкъым. 1941 - 1945 гъэхэм зэфIагъэкIахэр уи нэгу къыщIэбгъэувэну къудейр тыншкъым. Фегупсысыт: а илъэсхэм яухуащ е къагъэщIэрэщIэжащ школу, сымаджэщу мини 8-рэ 400-рэ. Дауи, хуэфэщэн гулъытэ игъуэтащ промышленность хьэлъэми. Зи гугъу тщIы зэманым къызэфIагъэуващ металлургие, гъущI бжьамий, машинэ заводу мини 3-рэ 500-рэ. Абыхэм яхэтщ Урал, Ульяновск автомобиль, Владимир, Алтай трактор заводхэр, нэгъуэщI лъэщапIэ инхэр. ПсэупIэ унэхэри яухуэрт.

Iэпщэ къару зэхьэлIэн хуей защIэт. Абы щыгъуэми, метро щIэзытIыкIхэм я процент 70-ри, лэжьэн щIэзыдза заводхэм гъущI гъуэгу километр минхэр езышалIэхэри цIыхубзхэрт. Ахэращ Донбасс и шахтхэр зэфIэзыгъэувэжари, жэщи махуи губгъуэм итахэри. Фашистхэм зэхакъутахэри зэгъэпэщыжын хуейтэкъэ? 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм нэмыцэ бомбэ къытехуащ Вахтанговым и театрым, мазэ нэхъ дэмыкIыуи къагъэщIэрэщIэжыну еувэлIахэщ. Бийр бжэщхьэIум тетщ, сыт театр? АрщхьэкIэ ди цIыхухэм сыт щыгъуи ягъусащ щэнхабзэр. Хэбгъэзыхьмэ, нэхъ щытыкIэ гугъу щихуами. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ 1941 - 1945 гъэхэм концерт зы мелуанрэ мин 400-рэ зэратар. Артист бригадэхэу щэхэм фронтхэм Iутхэм я пащхьэм зыкъыщагъэлъагъуэрт. Фашистхэм къаухъуреихьа Ленинград 1942 гъэм къыщызэрагъэпэщащ иужькIэ Комиссаржевскэм и цIэр зыфIаща драмтеатрыр. ЦIыхухэр гъуазджэм хуейт зауэ зэманми.

Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ телъыджэу къыпщохъу 1943 гъэм Архитектурэм ехьэлIа IуэхумкIэ къэрал комитет къызэрызэIуахари, а гъэ дыдэм Москва къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 800 щрикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырын зэрыщIадзари, СССР-м Педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ и академие дунейм къызэрытехьари. А псори щыхьэт тохъуэ а зэманым властыр зыIэщIэлъахэр нобэрей гъащIэм и мызакъуэу, къэралым и къэкIуэнуми егупсысу зэрыщытам.

Сабийхэр егъэджэныр бийр зылъэмыIэса зы щIыналъи щызэпагъэуакъым. Уеблэмэ Ленинградищылажьэрт вузхэри, школхэри, яслъэхэри. Школхэм щрагъэджу щIадзэ предметыщIэу щыт логикэр. КлассипщI къэзыухахэм ирату щрагъэжьэжащ аттестатхэр. Зи адэанэхэр зыщхьэщымытыж сабийхэм папщIэ Суворовым и цIэр зезыхьэ училищэр къызэIуахащ. ЖытIэнщи, а зэманыращ дунейм щынэхъыфI дыдэу къалъыта совет егъэджэкIэм и лъабжьэхэр щагъэтIылъар. Имычэзууэ къытщыхъункIэ хъунущ, ауэ абыи къыщынэркъым. 1942 гъэм егъэджэныгъэмкIэ цIыхубэ комиссар Потёмкиным и унафэкIэ алыфбейм хагъэхьэжащ «ё» хьэрфыр. Ар, хэбгъэзыхьмэ, Карамзиным хузэфIэкIакъым епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и кIэухым. Революцэм иужькIи къалъытат ар къамыгъэсэбэпми хъуну. Иджы, мис, захуагъэр зэфIагъэувэжащ. Егъэджэныгъэм и закъуэкъым зэгугъуар. ПсынщIэу зиужьащ щIэныгъэми. Совет еджагъэшхуэхэм къайхъулIащ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм занщIэу емыгъэщIылIа къэхутэныгъэхэри. Ермолаевэ Зинаидэ я пашэу микробиолог гупым зэхалъхьащ пенициллин лIэужьыгъуэщIи. 1942 гъэм Совет Союзым фIэкIыпIэ зимыIэу щагъэуващ жьэн узым щызыхъумэну хущхъуэ сабий къалъхуагъащIэхэм мастэкIэ халъхьэныр, илъэс нэхъ дэмыкIыуи а узыфэм пэщIэувэным теухуа программэ къащтащ. Зыщывмыгъэгъупщэ: зауэр екIуэкIыу!

А псори зэщIэткъуэжмэ, долъагъу гъэунэхуныгъэ хьэлъэ дыдэхэм хэтми, ди къэралми, абы щыпсэу цIыхухэми я гупсысэр я къэкIуэнум, мамыр гъащIэм хуэгъэзауэ зэрыщытар. Ар къызыхэкIари а къэралыр псоми я зэхуэдэ фIыгъуэу, дэтхэнэми абы и къэкIуэнум папщIэ жэуап ихьу зэрагъэсарт.

● ТекIуэныгъэ-80

## ТхьэмахуитIым къриубыдэу

**1945 гъэм и гъатхэ пщыхьэщхьэу Командующэ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф телефонкIэ псэлъащ Япэ белорус фронтым и Iэтащхьэ Рокоссовский Константин и деж икIи жриIащ нэгъуэщI IэнатIэ зэрагъакIуэр. Мыдрейм ар и жагъуэ хъуащ.**

**- Ныбжьэгъу Сталин! Сыт сэ удын нэхъыщхьэ зыдзынухэм сыт щыгъуи сыщIыхагъэкIыр?**

**- Япэ белорус фронтым и унафэщIу ягъэуващ ныбжьэгъу Жуковыр.**

**- Дауи, ар абы хуэфащэщ...**

**- Берлин къэфщтэфынущ щым: Жуковым, уэ, Коневым.**

АПХУЭДЭ псалъэмакъыр щыхьэт тохъуэ СССР-м фашист Германием и гъуэ Берлин къэщтэным егугъуу зэрызыхуигъэхьэзырым икIи ар кIыхьлIыхь зэримыщIынум. Арыншауи хъунутэкъым: ардыдэр я мурадт къыткъуэтхэми - американхэми инджылызхэми. Рейхстагыр ди дзэхэм къащтащ, къарушхуэрэ цIыхушхуэрэ трагъэкIуадэу.

Ауэ иджыри къэс къокIуэкI апхуэдиз гъащIэ имыхьу зэфIэкIыну зэрыщытам теухуа Iуэху еплъыкIэр: къаухъуреихьамэ, хэкIыпIэншэу къалэм зыкъитынут, мази дэмыкIыу. Ар пэжкъым икIи абы иужьыIуэкIэ дытепсэлъыхьынщ.

Ди дзэхэр Берлин ебгъэрыкIуащ 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м. Зэуэ уа топ мин 45-м я гъуагъуэ макъыр увыIакъым куэдрэ. ЩIыр хьей фIэкIа пщIэнтэкъым. ИпэкIэ кIуэрт ди танкхэр, уэгум итт ди кхъухьлъатэхэр. АрщхьэкIэ къапэщыт къарухэри цIыкIутэкъым. Берлин ухуэзышэ гъуэгур зэхуищIат Зеял лъагапIэхэм зыщызыгъэбыда 9-нэ фашист армэу Бруссе Теодор зи пашэм. Щыхьэрыр зыхъумэ «Висла» дзэ гупыр псори зэхэту цIыху мин 700-м щIигъурт. Езы Берлин промышленность зызыужьа иIэт, абы завод, фабрикэ куэдыкIей дэтт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри быдапIэт: дигу къэдгъэкIыжыну ирикъунщ фашистхэр Сталинград и трактор заводым мазищкIэ къызэребгъэрыкIуар икIи зэрыдэмыхьэфар. Абы щыгъуэми, а заводыр яхъумэным зыкIи хуэщIатэкъым, ауэ Берлин а Iуэхум куэд щIауэ зыхуигъэхьэзырырт. А псоми я щIыIужкIэ ахэр здэщыIэ къалэм унэсыни хуейтэкъэ?

Ахэр псынщIэу къащтэну къалэну хуагъэуват ди зауэлIхэм. Мыбдеж «псынщIэ» псалъэм мыхьэнэ щхьэхуэ щегъуэт икIи ар холъагъуэ Жуков Георгий и унафэхэм: «1945 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м жэщ мыхъу щIыкIэ сыт хуэдэ уасэкIи Фройденберг щIыпIэм нэсын», «1945 гъэм мэлыжыхьым и 21-м пщэдджыжьым сыхьэти 4-м нэхърэ нэхъ кIасэ мыхъуу сыт хуэдэ уасэкIи Берлин и гъунэхэм нэсын», нэгъуэщIхэми. Абы къикIрэт а зэманым цIыху гъащIэм щымысхьауэ икIи гущIэгъуншэу щыта маршалым зауэлIхэр нэуфIыцIщхьэрыуэу мафIэм хихуэу? Хьэуэ. Ещанэ рейхым и щыхьэрыр къэзыщта фронтищым щыщу ди зауэлI хэкIуэдахэм я бжыгъэр Жуковым и деж хэпщIыкIыу щынэхъ мащIэщ, адрейхэм елъытауэ.

Псоми зэрытщIэщи, рейхстагым бэракъ плъыжьыр щыфIадзащ 1945 гъэм накъыгъэм и 2-м. ЩыщIидзамрэ щиухамрэ я зэхуакум дэлъыр тхьэмахуитIым нэхърэ зы мащIэкIэ нэхъыбэщ. Абы щыгъуэми, тхыдэм нэхъапэми иужькIи иджы фIэкIа зэи къыщыхъуакъым тхьэмахуитIым цIыху мелуани 3 щыпсэу къалэ абрагъуэр ебгъэрыкIуэ защIэкIэ къащтэу.

Ауэ, язынукъуэхэм зэрыжаIэм хуэдэу, Берлин къамыщтэми хъуну щыта? Къэбухъуреихьу зитыным упэплъэу утIысыжынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Зитынут езы къалэм? Щапхъэ щхьэкIэ жыжьэ укIуэн хуейтэкъым. Будапешт къахъуреихьат 1944 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м, ауэ къыщащтэфар мазэрэ ныкъуэрэ дэкIа иужьщ - 1945 гъэм мазаем и 13-рщ. Гу лъыфтэ: зитакъым, атIэ ебгъэрыкIуэри къащтауэ аращ. Берлини зитынутэкъым. Абы зиIыгъыфынут пIалъэ кIыхькIэ. Абы щыгъуэми, вермахтым иджыри къаруушуэ иIэт: Чехословакием и щIыналъэм итт цIыху мелуан хуэдиз, Курляндием щыIэ дзэ гупым хэтт цIыху мин 250-рэ, Вислэ и деж щызауэрт цIыху мини 100, нэгъуэщI щIыпIэхэм нэхъ мащIэу щыхэгуэшахэм я гугъу умыщIыххи. Ахэр хэгъэщIэным егъэщIылIа зэхэуэхэм ди зауэлI нэхъыбэж хэкIуэдэнут.

Зралъэфыхь щIэмыхъун нэгъуэщI щхьэусыгъуи щыIэт: США-м властым зыщихъуэжат - Совет Союзым къыхуэмыIейуэ щыт Рузвельт Франклин лIа иужь абы и пIэкIэ президент хъуат Черчилль Уинстон хуэдэу СССР-м къытеплъэ мыхъу Трумэн Гарри. Абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр къигъэнэхуат сенатор къызэрыгуэкIыу щыщытам жиIахэм: «Германиер текIуэмэ, СССР-м дыдэIэпыкъунущ, СССР-р текIуэмэ, Германием дыдэIэпыкъунущ». Хэбгъэзыхьмэ, диIыгъат «Немыслимое» Iуэхур зэхэзылъхьа Инджылызым и премьер-министрыр, нэмыцэ дивизэхэр гъусэ къащIу ди къэралыр къыхагъэщIэным тещIыхьар. ПсынщIэ дыдэу, Берлин къащтэри, ди зауэлIхэм къагъэлъэгъуащ а зэманым абыхэм къапэлъэщын къару дунейм зэрытемытыр. Абы упэщIэувэныр шынагъуэт. Тегушхуакъым...



## Ветеранхэр ягъэлъапIэ

**Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеславрэ абы и къуэдзэхэмрэ щыIащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я деж. Министрым ветеранхэм фIыщIэшхуэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ ди къэралым и къэкIуэнур мамыру щытыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар.**

КРЮЧКОВ Вячеслав, Урысей МВД-м и Налшык управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Геграев Маратрэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ IуэхущIапIэм и унафэщI, милицэм и полковникыу къулыкъум пэрыкIыжа Пыхъ МуIэедрэ щыIащ Хэку зауэшхуэм хэта, зи ныбжьыр илъэси 105-рэ ирикъуа Ожеред Максим Алексей и къуэм и деж.

Ведомствэм и Iэтащхьэр я гупым къыбгъэдэкIыу ветераным ехъуэхъуащ дызыпежьэ махуэшхуэмкIэ.

- Дэ тщыгъупщэркъым икIи пщIэ яхудощI ди Хэкум и хуитыныгъэм щIэбэнахэм, я гъащIэр щIату ди къэралыр зыхъумахэм. Фи лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ щапхъэщ къэкIуэну щIэблэхэм я дежкIэ. Ди щхьэр фхудогъэщхъ ди къэралым папщIэ зэфIэфхахэм щхьэкIэ! - къыхигъэщащ министрым.

Крючков Вячеслав адэкIи узыншэу, дэрэжэгъуэр и бэу гъащIэм къыпищэну нэхъыжьым ехъуэхъури, саугъэт лъапIэ IэщIилъхьащ.

Ожеред Максим къыхуащIа гулъытэм, я нэIэ къазэрытетым папщIэ хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, мамыру, зэIузэпэщу псэуну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Iуэхум хэтащ полицэм и кадет классым щIэсхэр. Ахэр усэхэм къеджащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник Мамхэгъ Назир, республикэ ОВД-м и ветеран IуэхущIапIэм щыщхэр щIыгъуу, а махуэ дыдэм щыIащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Караганов Николай Василий и къуэм и деж.

Ветераныр хьэщIэхэм къадэгуэшащ зауэ зэманым, абы иужь илъэсхэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ.

- ФIыщIэшхуэ фхудощI дэри, ди къэкIуэну щIэблэми папщIэ фи къару фызэремыблэжам, ТекIуэныгъэр къызэрыфхьам щхьэкIэ,- жиIащ Мамхэгъым. И узыншагъэр быдэу, жыджэру адэкIи псэуну ехъуэхъури, саугъэт лъапIэ иритащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн, министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Русланрэ республикэм и ОВД-м я ветеранхэмрэ яхуэзащ Хэку зауэшхуэм хэта Абросимов Кузьма Кузьма и къуэм.

Бахъуэм абы фIыщIэ хуищIащ икIи ехъуэхъуащ къэблэгъа махуэшхуэмкIэ, жыджэру илъэс куэдкIэ псэуну.

- Уэ улIыхъужьщ икIи уэркIэ догушхуэ. Иджырей щIэблэм я щапхъэщ уи лIыгъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ. МахуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу! - жиIащ Бахъуэм.

ЗэIущIэм хэтахэм ящIыгъуащ полицэм и кадет классым щIэсхэр икIи усэхэм къеджащ.

Нэхъыжьым Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ехьэлIа гукъэкIыжхэр и мащIэкъым. Абы къыхуэкIуахэм фIыщIэ яхуищIащ я гулъытэм папщIэ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру республикэм щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник Кузнецов Константин, Урысей МВД-м Май районым щиIэ къудамэм и IэнатIэхэм я унафэщIхэр, районым къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я ветеран IуэхущIапIэм щыщхэр ящIыгъуу щыIащ Дегтяренкэ Василий Иван и къуэм деж. Министр Крючков Вячеслав къыбгъэдэкI фIэхъусым къеджэри, Кузнецовыр Хэку зауэшхуэм хэтам узыншагъэ быдэ, дэрэжэгъуэ иIэну ехъуэхъуащ, министрым и ФIыщIэ письмомрэ тыгъэ лъапIэмрэ IэщIилъхьащ.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумкIэ полицейхэр ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Хочуев Магомед Бэчмырзэ и къуэми.

ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм зэрахэтам, илъэс куэдкIэ къэмылэнджэжу ди къэралым зэрыхуэлэжьам папщIэ Магомед фIыщIэ хуащIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, юстицэм и полковник Факъуэ Казбек, Урысей МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник Шыбзыхъуэ Хьэчим, къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Джэрыджэ Борис, Шэджэм районым и ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеран зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шад Хьэсэн сымэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Щхьэхуещагъэм и зэранкIэ

**1938 гъэм Инджылызымрэ Франджымрэ я арэзыныгъэ хэлъу фашист Германием Чехословакиер иубыда иужь (Мюнхен Гитлер щращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ) мы къэралыр къаугъэншэу хамэм и унафэм щIэуващ. Хэбгъэзыхьмэ, ар щымыIэжыххэ хуэдэт. АрщхьэкIэ, телъыджэракъэ, ипэжыпIэкIэ зауэр иуха иужь зыкъигъэубэлэцащ. Лъыгъажэшхуэ къэхъуащ. Дзэ Плъыжьым Прагэ къригъэлын хуей хъуащ, а мафIаем хыхьэу.**

1945 гъэм накъыгъэм и 9-м Сталин Иосиф совет цIыхубэм захуигъэзащ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Ныбжьэгъухэ! Хэку зауэшхуэр иухащ ди текIуэныгъэ нэскIэ», арщхьэкIэ а зыхуэгъэзэныгъэм щыжиIат мыри: «Пэжщ, нэмыцэдзэхэм ящыщ зы гупым Чехословакием зыкъыщитын иджыри идэркъым. Ауэ сэ сыщогугъ абыхэм зыкъригъэщIэжын Дзэ Плъыжьым хузэфIэкIыну».

А гугъапIэр накъыгъэм и 11-м абы къехъулIащ: а махуэм иухауэ къалъытэ Прагэ ебгъэрыкIуэным и Iуэхур. Совет унафэщIхэм япэщIыкIэ я мурадар ар накъыгъэм и 20-хэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынырщ. Хьарзынэ хуэдэщ: нэхъ пасэжу хагъэщIащ. АрщхьэкIэ абы ди зауэлI мин 12-м я гъащIэр халъхьащ. Ар нэхъри нэхъ гущIыхьэ мэхъу зауэр ипэжыпIэкIэ зэриухар къэплъытэмэ. Абы щыгъуэми, апхуэдиз цIыху хэмыкIуадэу псори зэфIэкIынут, нэхъапэм зэраубзыхуам тетамэ. Сыт атIэ къэхъуар?

Къэхъуам пэплъакъым зыри: Дзэ Плъыжьри, къыткъуэт къэралхэри, зызымыт нэмыцэхэри. Накъыгъэм и 5-м Прагэ зыкъыщаIэтащ чехxэм. Ар, дауи, уи акъыл къимытIэсэну телъыджэт, абы ипэ ита илъэсихым Чехиемрэ Моравиемрэ Германием псалъэмакъыншэу, хэбгъэзыхьмэ, жыIэщIэу зэрыхуэлэжьам ущыгъуазэмэ. Абы къыщынэркъым. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм вермахтым къыщигъэсэбэпа танкхэм я Iыхьэ щанэр зыгъэхьэзырар Чехословакием и промышленностырт. Уеблэмэ Судет областымрэ абы и къулеигъэхэмрэ Iэрыхьа иужькIэщ Гитлер дунейпсо тепщэныгъэм и фIэщу щегупсысар. Чеххэм я «Шкода» заводхэр я щIэгъэкъуэну вермахтыр гухэм къикIри, автомобилхэм итIысхьащ икIи ар ящыщщ Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэм нэмыцэхэр псынщIэу къэIэпхъуэфыну Iэмал къезытахэм. Фашистхэм яубыда нэгъуэщI зы щIыналъи ауэ жыжьэуи апхуэдэу дэIэпыкъуакъым Берлин. Езы чеххэр хуабжьу егугъуу лажьэрт. Гитлер ар апхуэдизкIэ игу ирихьати, чех лэжьакIуэхэм я улахуэхэр езы Германием щатхэм хуагъэдэну унафэ ищIат.

Мыбы щытыкIэр апхуэдизу щымамырти, уеблэмэ СССР-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и цIыхубэ комиссар Молотов Вячеслав 1943 гъэм Чехословакием и президент Бенеш Эдвард (зи лъахэм ирахуауэ нэгъуэщI щIыпIэ щыIэм) щепсалъэм игъэщIэгъуат: «Фэ фи цIыхухэм сыткIэ зыпэщIасэрэ нэмыцэхэм? Сыт хуэдэ къызэпыудыныгъэ лэжьыгъэ абыхэм ирагъэкIуэкIыр? Полякхэм къызэрагъэпэщащ щэхурылажьэ гупхэр икIи зэран яхуохъу зэрыпхъуакIуэхэм, лъэмыжхэр, мафIэгухэр къагъауэурэ».

Арат ямылей къэхъуным зыри щIыпэмыплъэри. Ди дзэхэр зэраубзыхуам тетт. «Центр» дзэ гупым и унафэщI фельдмаршал Шёрнер Фердинанд Прагэ щхьэкIэ зэуэну хуеиххэтэкъым, абы и мурадыр и зауэлIхэм американхэм гъэру зыщратын папщIэ КъухьэпIэм зэрынигъэсын гъуэгу къигъуэтынырт. Янкихэм яхуеIэрт генерал Власовым и къарухэри. Инджылызамериканыдзэхэу Европэм щыIэм я Iэтащхьэ генерал Эйзенхауэр Прагэ къищтэну игу къэкIыххэртэкъым: «Сыт дэ мыгувэу урысхэм еттыну щIыналъэхэм папщIэ зы американ е зы инджылыз нэхъ мыхъуми, я гъащIэр шынагъуэ щIыхэддзэнур? Псори лъыгъажэншэу зэфIэкIын хуэдэт. АрщхьэкIэ чеххэм зэхащIыхьам щытыкIэр зэрихъуэкIащ. Абыхэм баррикадэхэр ягъэуващ, арщхьэкIэ накъыгъэм и 6-м Прагэ уэшхышхуэ къыщешхати, ахэр зыхъумэнухэр зэбгрыкIыжащ. Ахэр щыгугъырт Власовым и дзэр фашистхэм япэщIэувэну. Пэжу, «Урысейм и щхьэхуитщIыжакIуэ армэм» и генерал-майор Бурняченкэ Сергей и дивизиер зыкъэзыIэтахэм яхыхьат. АрщхьэкIэ ахэращ мафIэр къэзыгъэлыдар: зенит пулемет хьэлъэхэмкIэ нэмыцэ школым еуащ. Лъыр щагъажэ зэрыфыщI къэхъеящ: чеххэм нэмыцэхэр яукIырт, мыдрейхэм езы чеххэр ягъэсырт. Бзаджэнаджагъэ зэрахьэрт къалэ лъэхъуэщым кърауIыпщыкIыжа тутнакъ мини 3,5-м щIигъум. А псом я щIыIужкIэ Прагэ дыхьащ Шернер и дзэхэу американхэм я деж кIуэхэр. Ахэр зыми щысхьыхэртэкъым: СС-м щыщхэм зыкъэзыIэтахэм икIэм-икIэжым яубыдыжа баррикадэхэм бгъэдахуэрт цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ. Лъыр уэру ягъэжащ накъыгъэм и 7-ми, и 8-ми. А махуитIми къадэIэпыкъуну радиокIэ, чехыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, урысыбзэкIэ къэлъэIуахэщ. Япэджэжар Дзэ Плъыжьым и закъуэщ. Мис аращ Япэ украин фронтым и зауэлIхэр апхуэдиз хэщIыныгъэ ягъуэту епIэщIэкIын хуей щIэхъуар.

Бенеш абы щыгъуэм Молотовым къыпидзыжауэ щытащ: «Дэ зауэр щиухым нэхъ мыхъуми дызэуэну дыхуейщ, ди цIыхухэм Урысейм къыдэщIу зэрызэуар ягу къагъэкIыжын хуэдэу». ПцIы зэфэзэщщ. Чеххэм зыкърагъэIэтат езыхэми къэралышхуэхэми къалъытэну къарууэ зыкъэзыгъэлъэгъуэну хущIэкъухэм. АрщхьэкIэ абы щегупсысын хуеяр ипэкIэщ. 1945 гъэм гъатхэпэм и 5-м ялэжьар цIыху мин куэд зыхэкIуэда щхьэпсыншагъэщ. ЩытыкIэ хьэлъэ ихуахэми икIэм-икIэжым ядэIэпыкъуну ягъуэтыжар иужькIэ фIыщIэ къызыхуамыщIыжа ди къэралырщ.



«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 8, *махуэку***

♦**1936 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуей Беслъэн**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ Мексикэм и къалащхьэ Мехикэ 1968 гъэм щекIуэкIа XIX гъэмахуэ Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэмкIэ чемпион щыхъуа **Шыхъуэ Борис**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Хьэсбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 9, *мэрем***

♦**ТекIуэныгъэм и махуэщ**

♦**1910 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бакъ Нарзан**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и связист **Ефэнды Батий**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Аэзэмтджэрий**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Атэлыкъ Къэралбий**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Блий Станислав**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 10, *щэбэт***

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуей Назир**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупщы Лолэ**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ усакIуэ **ХьэцIыкIу Хьэсэн**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Щоджэн Мухьэмэд**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ усакIуэ **Къуныжь ХьэIишэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 11, *тхьэмахуэ***

♦**1934 гъэм** КъБР-м ПромышленностымкIэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **АфэщIыж Марат**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI, республикэм щIыхь зиIэ и экономист **Мусуков Алий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 12, *блыщхьэ***

♦**1954 гъэм** Налшык политехникэ техникум къыщызэIуахащ.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Аргун Iэбубэчыр**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Бэгърат**.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хьэщыкъуей Билал**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий**.

♦**1984 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех **Къарей Элинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.**





# Зауэшхуэм хэта бзылъхугъэхэр

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым япэу щагъэлъэгъуащ «Уходили горянки на большую войну» документальнэ фильмыр. Ар ягъэхьэзыращ ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием и лэжьакIуэхэм, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу.**

ФИЛЬМЫР зи жэрдэмри абы и сценарийр зытхари ГТРК-м и унафэщI Къэзанш Людмилэщ. Режиссёрыр Щокъарэ Мадинэщ. ГТРК-м и лэжьакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал архивымрэ зауэ зэманым траха кинофильмхэм я архивымрэ хэлъхэм зыщагъэгъуэзащ. Фильмым уэрэдыр хуэзытхари ар зыгъэзащIэри уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Уэлджыр Миланэщ.

Зауэшхуэр къыщыхъеям Хэкум къыщхьэщыжахэм яхэтащ бзылъхугъэхэри. Ди республикэм щыщу зэуапIэм лIыгъэ щызезыхьа цIыхубзхэм яхузэфIэкIар, абыхэм я теплъэхэр къыщыгъэлъэгъуэжащ фильмым. Медсестра, связист, снайпер, зенитчицэ, лётчицэ, партизанкэ, зэдзэкIакIуэ жыпIэми, зауэ зэманым къалэн куэд ягъэзэщIащ бзылъхугъэхэм. Абыхэм зрагъасэрт Iэщэ ягъауэу, уIэгъэхэр япхэу, шыIэныгъэ зыхалъхьэрт, хуей хъумэ, я псэр Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIатыну хьэзырт.

ТекIуэныгъэ Иныр къэгъэблэгъэным зи гуащIэ езыхьэлIа цIыхубз мин 490-м яхэтащ ди щIыналъэм щыпсэухэри. Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэм папщIэ, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» щIыхьыцIэр бзылъхугъэ 92-м хуагъэфэщащ. Фильмым хагъэхьащ 1942 гъэм фокIадэм и 21-м фашистхэм щхьэпылъэ ящIа партизанкэ Панайоти Юлэ и гъащIэм щыщ теплъэгъуэ. Бахъсэн къалэм щыщ, зи адэр алыдж, зи анэр урыс Юлэ курыт еджапIэ нэужьым Саратов къалэм и Художественнэ училищэм щIэтIысхьащ. Бийр Налшык къалэм къыщебгъэрыкIуэм, мурад ищIат мамырыгъэм щIэбэнхэм защIигъэкъуэну. Зэрыуэндэгъум къыхэкIыу, партизан гупым къыздащтэн ядэртэкъым, арщхьэкIэ, езым щытригъэчыныхьым, тIасхъэщIэх гупым хагъэхьащ. ЩIыналъэр фIыуэ зэрицIыхум къыхэкIыу, Юлэ Бахъсэн районым и Iэгъуэблагъэхэу нэмыцэхэр щетIысэха щIыпIэхэмрэ абыхэм я бжыгъэмрэ теухуахэр зригъащIэурэ партизан гупым я унафэщIым жриIэрт. Юлэ хэнейрэ тIасхъэщIэх кIуащ нэмыцэхэр здэщыIэ щIыпIэм, ебланэм полицайхэм я машинэм Iууащ. Сыт хуэдэ хьэкIэхъуэкIагъэ къыкIэлъызэрахьами, Юлэ и ныбжьэгъухэм епцIыжакъым, ар щIыпIэм щыпсэухэм я пащхьэм иту фашистхэм щхьэпылъэ ящIащ. Абы иужьрейуэ жиIащ: «Нэмыцэхэр фыукI! Дэ дытекIуэнущ!» псалъэхэр. Махуэ бжыгъэкIэ Юлэ зыри бгъэдагъэхьакъым, щхьэпылъапIэми хьэдэр къыфIрагъэхыжакъым. ИужькIэ щIыналъэм щыпсэухэм щэхуу ар щIалъхьэжащ.

Фильмым къыщыгъэлъэгъуэжа дэтхэнэ цIыхубзми и гъащIэр гуузу къекIуэкIащ. Ар и щапхъэщ ди нэхъыжьыфIхэр, бзылъхугъэхэр къэмылэнджэжу бийм зэрыпэщIэтам, зэрахьа лIыгъэ мыкIуэщIым.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ фIыщIэ яхуищIащ Къэзанш Людмилэрэ лэжьыгъэр зыгъэхьэзырахэмрэ, тхыдэм и пэжыр къызэрагъэлъэгъуэжам папщIэ, абы хагъэхьа теплъэгъуэхэмрэ фильмым хуатха уэрэдымрэ уи нэпс къызэрыригъакIуэр, щIэблэм я дежкIэ лэжьыгъэр зэрыщхьэпэр къыхигъэщу.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ фильмыр зыгъэхьэзырахэм фIыщIэ яхуищIащ, Хэку зауэшхуэ зэманым бзылъхугъэхэм къалэнышхуэ я пщэ къызэрыдэхуар, цIыхухъухэм зыкъыкIэрамыгъэхуу цIыхубзхэми лIыгъэшхуэ зэрызэрахьар къызэрагъэлъэгъуэжам папщIэ.

- ЖысIэн псалъэ къысхуэмыгъуэту, сымыпсэлъэфу сыкъызэфIэзэрыхьу апхуэдэщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и депутат, дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужь Шевчук Герман. - Ди бзылъхугъэхэр сыту къаруудфIэ! Тхыдэм ноби къытрегъэзэж. Ноби цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ, цIыхухъухэм хуэдэу, къэзылъэтыхь дронхэмрэ артиллериехэмрэ япэщIэту я унэхэр, лъапсэхэр, къуажэхэр яхъумэжын, фронтым дэIэпыкъун хуей мэхъу. ЩIымахуэм Курск областым командировкэ сыщыIати, жылагъуэ штабым сыщыIущIащ илъэс 13 зи ныбжь Ульянэ. Хъыджэбз цIыкIур жэщ псом цехым щолажьэ. Хэку зауэшхуэ зэманым лIыгъэ къэзыгъэлъэгъуа, а Iуэхум нобэ пызыщэ цIыхубзхэм си щхьэр яхузогъэщхъ!

Зэхыхьэ нэужьым абы хэтахэм «Мыужьыхыж мафIэ» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Усыгъэм и дунейм щохьэщIэ

**Сэральп Мадинэ и артцентрым усэ пшыхь гукъинэж щекIуэкIащ, бзылъхугъэхэм я «Жан» республикэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ «Круговорот поэзии» Iуэхум хыхьэу. Абы ирагъэблэгъащ Абхъаз Республикэм щыщ усакIуэ Габелия Дмитрий, абхъаз актёр Камкия Саид. Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ, УФ-м и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, усакIуэ, сценарист, режиссёр, журналист, телевиденэм и лэжьакIуэ Чэнджэщауэ Артур. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ, драматург, журналист Къаныкъуэ Заринэ.**



ПШЫХЬЫМ къыщеджащ абхъаз, адыгэ, урыс, хамэ къэрал усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм, зауэм теухуахэри къызэщIиубыдэу. КъыжыIапхъэщ, хьэщIэхэр куэд щIауэ зэрыхэтыр Абхъазым щIэх-щIэхыурэ къыщызэрагъэпэщ «Рифмы на Рице» адыгэ-абхъаз фестивалым.

Усэ тхылъ зыбжанэ къыдэзыгъэкIа, «Алашара» журналым усыгъэмкIэ и къудамэм и редактор, публицистикэ тхыгъэ купщIафIэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Габелия Дмитрий жиIащ пасэу, иджыри курыт еджапIэм щыщеджам, усэ тхыным зэрыдихьэхар. Къуажэм къыщыхъуа щIалэр курыт еджапIэм тхыдэмрэ литературэмкIэ щезыгъэджахэм драгъэхьэхащ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ. Курыт школ нэужьым ар щIэтIысхьащ Абхъаз къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетым. Илъэс 13 хъуауэ ар щолажьэ Гулиа Дмитрий 1955 гъэм япэу къыдигъэкIа «Алашара» журналым. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ дунейм къытехьащ зэфIэкI зиIэ абхъаз усакIуэ щIалэгъуалэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъ. Дмитрий зэрыжиIэмкIэ, Абхъазым прозэмрэ драматургиемрэ нэхъ мащIэ щыхъуащ. Ар кIэщIу къытеувыIащ илъэс зыбжанэ хъуауэ зэрытелажьэм абхъаз хэхэсхэм я тхыдэ музей къызэIухыным, абы щIилъхьэну хьэпшыпхэр мащIэ-мащIэурэ зэрызэхуихьэсым.



Габелия Дмитрий къеджащ цIыхухэм, лъагъуныгъэм теухуауэ абхъазыбзэкIэ итха, урысыбзэкIэ зэрадзэкIа и усэхэм щыщ. КъыжыIапхъэщ езым абхъазыбзэкIэ фIэкIа усэ зэримытхыр. Нэгъабэ Истамбыл къалэм япэу къыщыдэкIащ тыркубзэкIэ зэрадзэкIа и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ. Ар яхуэгъэзащ Тыркум щыпсэу абхъазхэм.

Абхъаз къэрал щIалэгъуалэ театрым и актёр Камкия Саид Налшык и щыпэ къакIуэкъым. Ар гукъинэжу щыджэгуащ Шынкубэ Бэгърат и «Последний из ушедших» тхыгъэм къытращIыкIа спектаклым. Саид тепсэлъыхьащ театр IэщIагъэм зэрыдихьэхамрэ усэхэр фIыуэ зэрилъагъумрэ. Театрыр фIыуэ илъагъунымкIэ щапхъэ хуэхъуар Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артисткэ Агумаа Софиещ. Абхъаз къэрал университетыр къиуха нэужь, Саид театр лэжьыгъэм пэрыхьащ. Абхъазым и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ спектаклхэр щагъэлъагъуэрт. 2014 гъэм Абхъаз къэрал щIалэгъуалэ театрым къэрал мыхьэнэ иIэ хъуащ. Ноби ехъулIэныгъэхэр щиIэу абы щолажьэ. Иджыпсту Абхъазым лъэпкъ театриплI щыIэщи, я лэжьыгъэр къэзылъахъэр мылъкуракъым, атIэ режиссёр къазэремэщIэкIырщ.

Чэнджэщауэ Артури зэхуэсахэм къахуеджащ и усэ купщIафIэхэм. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къалащхьэ Черкесск 1988 гъэм къыщалъхуащ Артур. И ныбжьыр илъэсипщI зэрырикъурэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи усэ етх, Черкесск къалэм къыщыдэкI «День республики» газетым и усэхэм щыщ куэд къытехуащ. Абы и усэхэм щыщ традзащ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ, «Литературная газета»-р хыхьэу.

Курыт еджапIэ нэужьым, 2005 гъэм ар Ставрополь къэрал университетым экономикэмкIэ и факультетым щIэтIысхьащ. Зригъэгъуэта IэщIагъэм илъэс зыбжанэкIэ ирилэжьа нэужь, и гъащIэм къыгуэхыпIэ зимыIэ творчествэм и гупэр хуигъэзэжащ. Экономикэ IэщIагъэм хуеджами, къекIэрэхъуэкIыжри, зэрыцIыкIурэ зыщIэхъуэпс журналист лэжьыгъэр 2014 гъэм IэщIагъэ хуэхъуауэ «Архыз-24» телеканалым щолажьэ. А зэманым къриубыдэу щIэупщIэ зиIэ программэ щхьэпэ куэд игъэхьэзыращ. Апхуэдэщ «Стих и я», «Молодёжный совет», «Пойдём в кино», «Шоу город» программэхэр.

- Сабий гъэсапIэм сызэрыкIуэрэ усэхэм сыдахьэх. Абы гу щылъитэм, си анэм тхылъхэр щащэ тыкуэным сишэу Высоцкий Владимиррэ Шекспир Уильямрэ я усэ тхылъхэр, Хайям Омар и сонетхэр къысхуищэхуауэ зэрыщытар сигу къинэжащ. КъыкIэлъыкIуэу сыдахьэхат зыбжанэрэ къытезгъэзэжурэ сызэджа Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Гамзатов Расул я усэхэм. Ахэр куэдкIэ къысхуэщхьэпащ. ГушыIэ жанрыр къэбгъэсэбэпу, ди лъэпкъыр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэ куэдым я гугъу пщIы мэхъу, - жеIэ Артур. - Дэнэ щIыпIэ сыщыIэми, сыт хуэдэ IэнатIэ сыпэрытми, анэдэлъхубзэр зджыну, абы зезгъэужьыну си мурадщ. Дэтхэнэ зы адыгэми дызыкIэлъыплъыжыну ди къалэнщ, ди дуней тетыкIэмрэ ди хьэлщэнхэмрэ нэгъуэщIхэм къызэрыддалъагъумкIэ жэуаплыныгъэ дохьри. Ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна хъугъуэфIыгъуэхэр, дыкъызыхэкIар, ди лъабжьэр, анэдэлъхубзэр, тхыдэр, щэнхабзэр, лъэпкъ хабзэхэр дывгъэхъумэ!

2010 гъэм Артур къыдигъэкIащ «Шёпот предков» зыфIища и япэ усэ тхылъыр. Абы лъабжьэ хуэхъуащ Урысейм, Кавказым, адыгэм я тхыдэр. А гъэ дыдэм и кIэм нигъэсащ тхыдэр зи лъабжьэ, куэдым ягу дыхьа «История Черкесии в стихах» и тхыгъэр. Дуней псом щыпсэу адыгэхэм Iэмал яIащ абы Youtube каналым къыщеджэну икIи ягу ирихьащ. 2018 гъэм къыдигъэкIащ «Перо и кинжал» и етIуанэ усэ тхылъыр. КъищынэмыщIауэ, Артур кинематографиеми дехьэх. Документхэр зи лъабжьэ фильм зыбжанэм я режиссёру, сценаристу, продюсеру зыкъигъэлъэгъуащ. Ахэр - «160 дней», «Дороги мира и войны», «Мундир», «Алмасты: снежный человек», «Герои Черкесии» фильмхэрщ.

Къаныкъуэ Заринэ хьэщIэхэм яхуэупсащ тхылъ гъэщIэгъуэнхэмкIэ. Апхуэдэу Абхъаз, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм къикIа, пшыхьыр зыгъэдэха щIалэхэм фIыщIэ яхуищIу зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Абхъаз Республикэм и генерал-лейтенант Сосналы СултIан и щхьэгъусэ Сосналы Любовь.

- Ди блэкIар, ди тхыдэр зыщи, къытпэджэ псори тфIэгъэщIэгъуэнщ. Литературэм, усэхэм лъэпкъым и лъапIэныгъэхэр къахощ. УсэкIэ узэпсэлъэныр уасэншэщ. Абхъаз литературэр, усэхэр сфIэфI дыдэщ. Нобэ дызэвгъэдэIуа усакIуэхэу Бродский Иосиф, Гафт Валентин, Искандер Фазиль, Шинкубэ Бэгърат, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр усэншэщ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Гъуазджэхэмк Iэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкIэ и колледжым и студентхэу Iэпщэ Анзоррэ Уэрдащэ Iэминэрэ. IуэрыIуатэм щыщ теплъэгъуэ щIэщыгъуэ ягъэлъэгъуащ «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым и артист ныбжьыщIэхэу Быдэ Гуащэхъан, ПэкIу Къантемыр, ШэрыIужь Камилэ сымэ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

БАЛЪКЪЭР Дайанэ:

# Сыт и уасэ сабийхэм IэплIэ къызэрыпхуащI къудейр!



***Балъкъэр Дайанэ и ныбжьыр илъэс 21-рэ хъууэ аращ, ауэ ехъулIэныгъэхэр иIэу мы зэманым Тэрч къалэм Сабий творчествэмрэ щIалэгъуалэ жэрдэмхэмкIэ и центрым (ЦДТ) ныбжьыщIэхэр иджырей къэфэкIэхэм щыхуегъасэ.***

***Илъэс мыхъупэм къриубыдэу абы хузэфIэкIащ гуп дахэ зэщIигъэуIуэу, утыку къришэну. ЩIыналъэм щекIуэкI щэнхабзэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, гуфIэгъуэ махуэшхуэхэм иращIэкI зэхыхьэхэм ирагъэблагъэ. СфIэгъэщIэгъуэн хъуар зи ныбжькIэ щIалэ дыдэ хъыджэбзым сабий 60-м нэблагъэ зэрызригъэдэIуэфымрэ зэригъэсэфымрэщ. Аращ къызэрыщIэддзар Дайанэрэ сэрэ дызэрызэпсэлъар.***

- Абы щэху гуэр хэлъу къысщыхъукъым. Сэ езым къафэм и Iэмалхэр «къэстIэщIын» щIэздзэу аращи, Iуэхум сызэрыдихьэхыр абы хэплъхьэжмэ, арагъэнщ сабийхэм я гулъытэр къыщIэсхьэхуфыр, дерсхэм нэхъыбэ «зэрыщIахынум» иужь сыщIитыр. Иджыпсту щIалэгъуалэр нэхъыбэу зыдихьэхыр Интернетырщ. СыхущIокъу ари къэзгъэсэбэпу, си къэухьым зэрыхэзгъэхъуэнум. Псалъэм папщIэ, сфIэфIщ къэфэкIэ зэмылIэужьыгъуэ нэхъыбэм зыщызгъэгъуэзэну, ахэр си гъэсэнхэм езгъэщIарэт жысIэуи сохъуапсэ.

**- Къафэм сабийм и Iэпкълъэпкъыр зэрипсыхьым къищынэмыщIа, и хьэл-щэнкIи зыкъызэкъуригъэхыу къалъытэ...**

- Сэри абыкIэ сыарэзыщ. Къафэм цIыху хыхьэкIэ-хэтыкIэми зэхущытыкIэми хуегъасэ. Iуэху дахэм иужь ит гуп сабийр нэхъыбэрэ хыхьэхукIэ, абдеж щилъагъухэр щапхъэ хуохъу. Иджыпсту дунейм цIыхур зыдихьэхынкIэ хъунур, мыхъумыщIагъэхэри яхэту, апхуэдизкIэ куэдыщэ щыхъуащи, гуапэщ гъуэгу нэхъ пэжым, дахагъэм щIэблэр хуэзэунэтIхэм къафэ гъуазджэр зэращыщыр. Ди дерсхэм къэфэкIэм и мызакъуэу, дэтхэнэ сабийми гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зы щхьэпэ гуэр здыщIех. ИтIанэ, гу зэрылъыстащи, къафэм и фIыгъэкIэ ныбжьыщIэм игурэ и щхьэрэ нэхъ зэтелъ мэхъу, зэхэщIыкI иIэу, и къарум щыгугъыжу ещI, и гупсысэм къытехуэ ныбжьэгъу куэд зрегъэгъуэтыф.

**- ГъэсакIуэ ухъуныр сыт къызыхэкIар, Дайанэ?**

- Школым иджыри сыщыщIэсым, сэ езыри сыдихьэхыу щытащ къэфэкIэхэм. Тэрч къалэм дэт ГъуазджэхэмкIэ сабий школыр къэзухащ. СфIэфIу зыщызгъасэу щытащ КIыщ Оксанэ и деж. Ауэ абы щыгъуэм сигу къэкIыххэртэкъым гъэсакIуэ зэгуэр сыхъуну. КъБКъУ-м и педколледжым пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ IэщIагъэм сыщыхуеджэу сыщыщIэсым сыгупсысэрт, къэзухмэ, дэнэ сыщылэжьэн, жысIэу. Ауэ хьэкъыу сщIэрт сыт хуэдэ лэжьыгъэ къыхэсхми, ар сабийхэм епхауэ зэрыщытынур. Колледжыр къыщызухым къызгурыIуащ си лъахэм иджырей къэфэкIэхэм сабийхэр щыдезгъэхьэхыну сызэрыхуейр. Абы ирихьэлIэу, си насып кърихьэкIри, Тэрч къалэм Сабий творчествэмрэ щIалэгъуалэ жэрдэмхэмкIэ и центрым сыкъащтащ. IуэхущIапIэм и унафэщI Тау Иринэ сепсэлъа нэужь, гъэсакIуэ IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ гуэдзэни зэзгъэгъуэтыжри, 2024 гъэм и фокIадэм япэ гупыр зэхэсшащ, лэжьэн щIэздзащ.

**- ЗэрысщIэмкIэ, иджыри уоджэ. Лэжьыгъэмрэ абырэ зэдэпхьыфрэ?**

- Пэжщ, мы зэманым КъБКъУ-м ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физическэ щэнхабзэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым заочнэу сыщIэсщ. ЕджапIэмрэ лэжьапIэмрэ зыкIи зэран зэхуэхъуу къэслъытэркъым. Сессиехэм зыхузогъэхьэзыр, хъарзынэу къызохъулIэ. Гугъуехь зыпымылъ щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ зи ужь уитым гурэ псэкIэ убгъэдыхьэмэ, псори къызыбонэкIыф.

**- Сабийхэр къызэросар нэрылъагъущ. Бгъасэ гупым и гугъу уэзгъэщIынут.**

- Мы гъэ еджэгъуэм къриубыдэу, къафищ ядзэгъэуващ. Тэрч къалэм дэт «Теремок» нэгузегъэужьыпIэм япэ дыдэу зыкъыщыдгъэлъэгъуащ. ИлъэсыщIэмрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр къыщызэIуахымрэ теухуауэ Сабий творчествэмрэ щIалэгъуалэ жэрдэмхэмкIэ центрым щекIуэкIа пшыхьхэм дыхэтащ. Иджыблагъэ ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэща «ЛIэщIыгъуэхэм къыпхыкI къафэ» район фестивалым щIыхь тхылъ къыщытхуагъэфэщащ. ЦДТ-м щызгъасэ гупыр сабий 30 мэхъу, илъэси 7-м къыщыщIэдзауэ 16-м нэс я ныбжьу. КъищынэмыщIауэ, апхуэдиз дыдэ, гупитIу гуэшауэ, щызогъасэ Тэрч къалэм дэт прогимназие №2-м. Мы гъэм 4-нэ класс къэзыуххэм я пшыхьым щагъэлъэгъуэну вальсыр иджыпсту абыхэм язогъащIэ.

**- Сыт хуэдэ мурадхэр, хъуэпсапIэхэр уиIэ?**

- Сыхуейщ згъасэ гупыр нэгъуэщI щIыналъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм хэсшэну, зауэжьын щхьэкIэ ныбжьыщIэхэм яIэ Iэмалхэр зыхуэдэр езгъэлъагъуну. Си хъуэпсапIэщ си гъэсэнхэм нэхъ утыкушхуэхэм, урысейпсо мыхьэнэ зиIэхэм, зыкъыщезгъэгъэлъэгъуэныр, увыпIэ лъагэхэр зыIэрагъэхьэныр.

**- ГъэсакIуэ IэщIагъэм нэхъ пфIэфIу, уи гур хэзыгъахъуэу сыт хэлъыр?**

- Шэч хэмылъу, ар сабийхэм сазэрыхэтырщ. Сыт и уасэ, дерсым и пэщIэдзэмрэ и кIэухымрэ деж къыббгъэдэлъадэу абыхэм IэплIэ къызэрыпхуащI къудейр! Си гур хохъуэ абыхэм жаIэж хъыбар цIыкIухэм сэри сыщыщагъэгъуазэкIэ. КъапщтэмэЮ сфIэфIщ зи лэжьыгъэм гухэхъуэгъуэ къыхэзыххэр, ехъулIэныгъэхэм хущIэкъуэхэр. ГъащIэр, цIыху гущIэгъулыхэр фIыуэ солъагъу, нэхъыбэ зэрысщIэнум сэри сыпылъщ. Си унагъуэр, лэжьыгъэр, ныбжьэгъухэр - аращ си гъащIэр.

**- Упсэу, Дайанэ! Уи мурадыфIхэр къохъулIэну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

• Футбол

# И ныкъуэри джэгуакъым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIиблым ящыщу зэхэтар 3 къудейщ. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, накъыгъэ махуэшхуэхэм къахэкIыфар аращ зэрыхъур.**

ЩЭБЭТ махуэм Нартан щызэпэщIэтащ Шэджэм районым и командитI. Ахэр икъукIэ зэныкъуэкъуащ, ауэ джэгум хухаха сыхьэтрэ ныкъуэм хэт нэхъ лъэщми яхузэхэгъэкIакъым. Арати, «Нартанымрэ» «Черкес»-мрэ топ тIурытIкIэ зэхъуэжри, мамыру зэбгъэдэкIыжащ.

Тхьэмахуэми щыIар зэIущIитIщ. Зым Урыху щеблэгъат гъунэгъу Аргуданым и командэр. Абы «Бедик»-р 2:1-уэ щытекIуащ икIи турнир таблицэм и Iуэхухэр щригъэфIэкIуащ. Адрейм Налшык и «Спартак-Д»-м бжыгъэшхуэкIэ щыхигъэщIащ Шэджэм ЕтIуанэ икIа «Шэрджэсыр». Хэгъэрейхэм я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм топибгъу (!) дагъэкIащ, хьэщIэхэм яхузэфIэкIар хуэдищкIэ нэхъ мащIэщ.

Адрей зэIущIэхэр ягъэIэпхъуащ. Ардыдэр къыщымыщIыну пIэрэ дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну еханэ джэгугъуэми?

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **4** | **4** | **0** | **0** | **17-2** | **12** |
| **2. «Черкес»** | **5** | **3** | **2** | **0** | **12-5** | **11** |
| **3. «Спартак-Д»** | **5** | **3** | **2** | **0** | **21-11** | **11** |
| 4. «Бедик» | 5 | 3 | 0 | 2 | 9-14 | 9 |
| 5. «Нартан» | 5 | 2 | 2 | 1 | 18-16 | 8 |
| 6. «Искра» | 3 | 2 | 0 | 1 | 5-1 | 6 |
| 7. «Шэрджэс» | 5 | 2 | 0 | 3 | 10-18 | 6 |
| 8. «Тэрч» | 3 | 2 | 0 | 1 | 10-3 | 6 |
| 9. «Ислъэмей» | 4 | 2 | 0 | 2 | 13-10 | 6 |
| 10. «Псыгуэнсу» | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-14 | 3 |
| 11. «Малка» | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-9 | 3 |
| 12. «Акъбащ» | 4 | 0 | 1 | 3 | 6-15 | 1 |
| **13. «Урыху»** | **3** | **0** | **1** | **2** | **3-6** | **1** |
| **14. «Логоваз»** | **4** | **0** | **0** | **4** | **6-20** | **0** |

# Сакъыныгъэр нэхъыщхьэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ икIи ахэр къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:**

- щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщIамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкIуэкIыну мурад зэраIэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цIыхухэм зэраIыгъым фыщыгъуазэмэ, щIэпхъаджагъэ лэжьыным пыщIахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфIэрыхьэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ экстреннэ къулыкъущIапIэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;
- хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащIэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаIэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхухэр зэфIагъэкIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщIэ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым шэч зыхуащIым ехьэлIа хъыбар къаIэрызыгъэхьахэр хэIущIыIу ищIынукъым, апхуэдэуи фIыщIэ яхуещI республикэм щыпсэухэм зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым: 48-15-48 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: 39-99-99 (плъыр часть).

**КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.*

*Редактор нэхъыщхьэ*
**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**
**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.437**
**Заказыр №992**
12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытххэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**